# Дигорæ

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

№35 (816) 2021 анзи 30 сентябрь – рухæни мæйæ

Аргъ 1 туман




## ЕВГЪУД БОНБÆЛ ХОР НÆ КÆСУЙ, ФАЛ НИН НÆ АБОНИ НАД БА РОХС КÆНУЙ!..

***Нæ республики Сæргълæууæг Сергей Меняйло культурæ, уæдта ахурадæ æма науки министртæн бафæдзахста, гъæугæ равгитæ исаразун, цæмæй ахурдзаутæн сæ бон уа цæгатиристойнаг музейтæмæ лæвар цæун. Уотемæй музейтæ дæр сæ фадуæттæй архайдзæнæнцæ ахурадон системи, уой фæрци агъазиау æвæрæн хæсдзæнæнцæ ирæзгæ фæлтæрти гъомбæладæмæ.***



НÆ ЦИТТГИН ХЕСТÆРТÆ – НÆ КÆСТÆРТÆН КУРУХОН РАЗВÆНДАГ АМОНГУТÆ

## Сергей МЕНЯЙЛО: «МÆ ЗÆРДÆ УИН ЗÆГЪУЙ ФЕДАР ÆНÆНЕЗДЗИЙНАДÆ, ЦАРДИ ДÆРГЪВÆТИЙНÆ АМОНДГУН ÆНЗТÆ!..»

Нури доги ци бæрæгбæнттæ бæрæггонд цæунцæ, уонæн сæ тæккæ цийнагдæртæй æй рацæргæ адæймæгути Æхсæнадæмон бон. Бæрæггонд цæуй æнæгъæнæ дуйней дæр 1991 анзæй фæстæмæ алли анз дæр 1 октябри. Бæрæгбони фæдбæл Цæгат Иристони хестæртæн райарфæ кодта нæ республики Сæргълæуууæг **Сергей Меняйло**. Æ арфи нистауæни сæрмагондæй баханхæ кодта: «Аци бæрæгбони фæдбæл уин, нæ хъазар хестæртæ, зæрдибунæй арфæ кæнгæй, фæндуй мæ зæгъун уой, æма цæйбæрцæбæл сæрустур æма боз уи ан уæ хъазауатон фæллойни, уæ агъазиау уодикондиди тухгиндзийнади туххæй. Сумах махæн айтæ нифсдæттæг удæнцойнæ, тæккæ сæйрагдæр хæзна æма национ есбон. Сумахæн уæ цардвæндаг агъазиау æй. Уæ фæллойнадон æскъуæлхтдзийнæдтæ æма нæ республики райрæзтмæ ци зингæ æвæрæн бахастайтæ, уонæй мах алкæддæр сæрустур æма уи æгæрон арфиаг уодзинан. Æма мæ фæндуй сумахæн райарфæ кæнун, аргъ кæмæн нæййес, уæ еци ахедгæ фæллойни æма уоди федар хъаури туххæй.

Æруагæс ми кæнуй, абони дæр уæ зонундзийнæдтæ, устур фæлтæрддзийнадæ æма республики цардиуаги хабæрттæбæл рæстзæрдæй тухсундзийнадæ устур агъаз фæуууодзæнæнцæ нæ еумæйаг гъуддагæн – Цæгат Иристони æнтæстгинæй райрæзт æма хуарздзийнадæн.

Мæхердигæй ба мæ зæгъун фæндуй: сумахбæл ауодун, уæ царди хуæрзгъæдæддзийнадæ фæххуæздæр кæнунæн гъæугæ уавæртæ аразун махæн æй нæ агъазиаудæр ихæс, æма, махæй ци аразгæ ‘й, уомæй алцидæр кæндзинан, цæмæй нæ республики хестæр фæлтæр цæра удæнцойнæй æма амондгунæй.

Мæ зæрдæ уин зæгъуй федар æнæнездзийнадæ, удиконди цæрдæгдзийнадæ, дæргъвæтийнæ царди амондгун æнзтæ, уæ хеуæнттæ æма къабæзти æновуддзийнадæ. Уæ кæстæрти хортæй бафсæдетæ, нæ хъазар хестæртæ! Уæхе гъæуай кæнетæ!..»

## НИЙЙЕРÆГИ РÆВДУДÆН АККАГ АРГЪ КА КÆНУЙ, УОМÆЙ ХУЦАУ ДÆР АРАЗИ ÆЙ!..

## «МÆ ЦАРДИ НИВÆ, МЕ ’НОСОН...»



Федарæй ни æруагæс кæнуй, рацæргæ адæймæгути Æхсæнадæмон бони нæ дзиллæ аллихузон зæрдæрохсгæнæн мадзæлттæй барæвдаудзæнæнцæ нæ хестæрти – мадтæлтæ æма фидтæлти, бабати æма нанати, нæ Исфæлдесæгæй син ракордзинан, цæмæй ма нин берæ рæстæгути зæрдрохсæй фæццæронтæ.

Е æнæмæнгæ хуарз удзæнæй, фал, махмæ гæсгæ, æримисун гъæудзæнæй хъазар хестæртæй нин абони цардæгас ка нæбал æй, уони дæр. Уомæн æма сæ рæсугъд удикондæй, сæ берæ арфиаг фæллæнттæй абони дæр цардæгас æнцæ нæ зæрдити:

*Мæ царди нивæ, ме ’носон,*
*Цæмæ фæббæлун, æдта,*
*Æрмæстдæр ма де ’нцъулд росæн,*
*Нимма кæнæ еунæг ба…*

Аци рæнгъитæ исистан Колити Витали æ мадæ Анфиси (Текъойти кизги) номерæнæн кæддæр ци æмдзæвгæ ниффинста, уордигæй. Æ кæстæртæн уарзон мадæ, адæми хуарзæн æновудæй хъиамæтгæнæг силгоймаг, е, кæд абони не ’хсæн нæбал æй, уæддæр, кадæриддæр æй зудта, етæ ’й арфиагæй имисунцæ. Мах дæр ин абони æ номерæнæн мухур кæнæн сæрмагонд æрмæг (6-7-аг фæрстæбæл).

### ФЕМБÆЛД



## «КУД РАЗАМОНГУТÆ, УОТÆ ДЗУАПДÆТТÆГ АЙТÆ АДÆМИ РАЗМÆ!..»

Уæрæсей Федераций Президент **Владимир Путинæн** регионти нæуæг æвзурст сæргълæугути хæццæ видеобастдзийнади фæрци адтæй фембæлд.

Архайдта си **Сергей Меняйло** дæр, – уой нæ республики Парламент 19 сентябри равзурста Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæгæй. Бæсти Президент æ радзубандий райарфæ кодта разамонгутæн, комкоммæ сæ кустæй адæмæн дзуапп ке дæттунцæ, уой бафеппайдта. Бæлвурдæй син бафæдзахста:

– Алкæмæ дæр уи ес кусти фæлтæрддзийнадæ, хъæбæр вазуггин æй, берæ хъаурæ домуй, цæргути рази бæрнон ке айтæ, уой гъæуама лæдæрайтæ. Се ‘ууæнкæн син гъæуама алли бон дæр дзуапп дæттайтæ, гъæуама косайтæ уони туххæй, уæ дустæ бахатгæй, уæ зæрдæ æма уæ уоди хъаурити фæрци. Уæхæн бæрзонд бунати ке айтæ, уой син гъæуама алли бон бæлвурд гъуддæгутæй амонайтæ. Тæккæ карздæр социалон, экономикон фарстатæ лух кæнунмæ разамунддæтгути хъауритæ исаразетæ.

Национ проекттæ цæйбæрцæбæл æнæкъулумпитæ æма æнæгъæнæй æнхæстгонд цæунцæ, уомæ гъæуама разамонгутæ алкæддæр сæ гъос даронцæ. Сувæллонгин бийнонтæн æма граждæнти æндæр категоритæн, минкъий æма рæстæмбес амалгъонади минæвæрттæн бунætти куд агъаз кæнунцæ, коронавируси хæццæ куд тох кæнунцæ, уонæмæ гъæуама уонцæ къæрцгъос.

– Кусти бунæтти хæццæ уавæрмæ устур æргом гъæуй æздахун, – баханхæ кодта Владимир Путин. – Аци рауæн – фæсевæд æма пенсий агъоммæ адæммæ. Сæйраг стратегион пълантæ æнхæст кæнун нæ бæсти ирæзтбæл хъæбæр фæззиндзæнæй, царди сæ уадзунцæ бунæтти, регионти. Сæ бæрæггæнæнти туххæй сумах айтæ адæмæн дзуапдæттæг, етæ уæ кустæн аргъ кæндзæнæнцæ. Царди сæ рауадзунмæ фулдæр адæми æргом раздахетæ, граждайнаг æхсæнади институти хæццæ уоми гъæуама æмгустадæ уа.

Кæронбæттæни Президент фембæлди архайгутæн райарфæ кодта, æ зæрдæ син агъазиау æнтæстдзийнæдтæ ке зæгъуй, уой фæббæрæг кодта.


http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru gazeta_digoria

*Сурх-Дигори дзиллæ сæхе цæттæ кæнунцæ ахсгиаг цау исбæрæг кæнунмæ – сæ гъæубæл исæнхæст æй дæс æма цуппаринсæй анзи. Куд нисан кæнунцæ, уотемæй бундоронæй куст æрцæудзæнæй гъæуи фæлгонцадæбæл, исараздзæнæнцæ бæрæгбони аллихузон мадзæлттæ.*

# АЛЛИ АХСГИАГ ГЪУДДАГ ДÆР ГЪÆУАМА ÆНÆГЪÆНÆЙ ÆНХÆСТГОНД ЦÆУА




Евгъуд къуæрей электрон тухæй гъæугæ баййафтонцæ нæ республики цалдæр рауæнеми – зæгъæн, электрон рохс нæ адтæй Дзæуæгигъæуи. Аци цауи фæдбæл Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** æрæги алликъуæреуон аппаратон æмбурди архайгути æргом раздахта, фæстауæрцон фæрæзнитæ ке нæййес, е цæйбæрцæбæл нæхъæртондзийнадæ 'й, уомæ. Æ радзубандий загъта:

– Районти разамонгути хæццæ гъæуама зонайтæ, электрон тухæ кæми нæ фагæ кæнуй, уоми цæйбæрцæ адæм цæруй, уонæн æрдзон газæй пайда кæнунæн сæ гæнæнтæ циуавæр æнцæ, уой. Еугур социалон объекттæ гъæуама æнхæст уонцæ фæстауæрцон фæрæзнитæ дæтгутæй. Банимайетæ, цæугæ электростанцитæн цæйбæрцæ багъæудзæнæй, уой.

Нæ республики сæйраг санитарон дохтир Тибилти Алан аци бæнтти эпидемиологон уавæри тухххæй дзоргæй куд фегъосун кодта, уотемæй евгъуд къуæрей, раздæри æмгъуди хæццæ рабаргæй, сæйгитæ дууæ проценти æфффулдæр æнцæ. Ковидон госпитæлтæмæ баластонцæ 15,4 проценти фулдæр сæйгити.

***

Аци æмбурди уæлдай парахатдæр дзубанди рауадæй культури къабази идарддæри райрæзти фæдбæл. Культури министради разамундæн ихæсгонд æрцудæй, цæмæй нæ республики ахсгиагæй ка гъæуй, еци берæфадуатгун концертон зали арæзтади программæбæл бундоронæй бакосонцæ. Сергей Меняйлой гъудимæ гæсгæ еугур культурон объекттæ дæр байеу кæнун гъæуй æма уой фæрци сæ архайд еугæндзонæй æнтæстгиндæр уа. Уой фæдбæл уотæ загъта:

– Гъæуама нæмæ уа культури объектти ирæзти хеуинунадæ. Мæ бон æй берæфадуатгун концертон зали арæзтади тухххæй бæлвурддæрæй æрдзорун, фал нерæнгæ нæмæ нæ фагæ кæнуй министради бундорон хатдзæгтæ æма уони исбæлвурд кæнунбæл æвæстеуатæй бакосун гъæуй.

Уой хæццæ ба ма Сергей Меняйло республики разамонæг министради разамундæн бафæдзахста нæ паддзахадон ансамбль «Алан»-и идарддæри райрæзти программæ цубур æмгъудмæ бацæттæ кæнун. Уой фæдбæл уотæ баханхæ кодта:

– Ансамбль æй нæ республики культурæ агъазиаудзийнади æма цæмæдессаги æвдесгутæй еу, аци фарстай уæ равналæнтæ фæппарахатдæр кæнетæ.

***

Æмбурди ма дзубанди рауадæй, аукционмæ нæ рахæсгæй, инвестицион проекттæ исæнхæст кæнуни нисани хæццæ ци зæнхитæ лæвæрд æрцудæнцæ, уобæл. Раздæр Сæргълæууæг зæнхитæ фæстæмæ райсун байхæс кодта. Амалгъонадон архайд зæнхитæбæл кæми нæ цæуй, уой тухххæй радзурдта паддзахадон есбойнадæ æма зæнхи рахастдзийнæдти министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Тедети Руслан**:

– Æдеугурæй 35 инвесторæн радех кодтан 54 зæнхи хаййи, нур инвестортæ сæ проекттæ царди уадзунцæ. Абони сæ куст кæнунцæ «Метро Кэш Керри», «Промстройконструкци», «Леруа Мерлен».

Æнæмæнгæ гъæуама ци проекттæ арæзт æрцудайуонцæ, уотемæй ба æвнæлд дæр кæмæ не 'рцудæй, уони хецæуттæ хæццæ бадзурдтæ ихæлд æрцудæнцæ. Уой фæдбæл Сергей Меняйло уотæ загъта:

– Гъæуама алкедæр раст балæдæра, циуавæр системæмæ гæсгæ косæн, уой. Ес нæмæ инвестицон проектти совет, уоми исарази унцæ республикæн ахсгиаг проекттæбæл. Бадзурдти бæрæг фæуунцæ республикæ æма инвестори ихæстæ. Сæйрагдæр æнцæ байвæрд æхца, нæуæг кусти бунæттæ æма мизд.

Мах нæхе ихæстæ æнхæст кæнæн, инвестор ба æхе ихæстæ. Кæд нæуæг кусти бунæттæ фулдæр кæнуни ихæс æхемæ райста, уæд æй æнхæст кæнæд, мах ба имæ нæ цæстæ дардзинан. Кæд ин не 'нтæсуй, уæд бадзурд фехалдзинан.

Æмбурди ма Сергей Меняйло фегъосун кодта цалдæр фæдзæхсти: ахуради æма науки министрæн, цæмæй бавдеса ахургæнгути мизд федуни системи фæдбæл фæндæнттæ; районти разамонгутæ ба гъæуама бацæттæ кæнонцæ æхсæнадон бунæттæмæ базелуни фæндæнттæ. Хъалонтæ федуни цæгатиристойнаг управлени гъæуама паддзахадон есбойнадæ æма зæнхи рахастдзийнæдти министради хæццæ бацæттæ кæнонцæ, хъалонтæ куд æфтуйунцæ, уой тухххæй бæлвурд игъосункæнуйнаг. Æнæзмæлгæ есбойнадæ æма зæнхи хæйттæ инвентаризацигонд куд цæунцæ, уомæ гæсгæ.

# ИСОНИБОНÆН АБОНИ КУ НÆ УА, УÆД Е ДÆР НÆ УОДЗÆНÆЙ!..

Нæ фидтæлтиккон аци зундамонæн загъди медес, махмæ гæсгæ, лæдæрд æй. Дæ исонибон дин цæмæй зæрдрохс рауайа, уобæл абони архайун гъæуй, гъæуама ин исарæзай федар бундор. Уотæ 'й æхсæнади цардиуаги фæткæ дæр. Æма уомæн ба, цидæриддæр фæккæнай, уæддæр, фицгагидæр, гъæунцæ бæлвурд равгитæ æма гæнæнтæ, бæлвурддæрæй ба – финансон фæрæзнитæ.

Æма еци æгъдауæй нæ исонибон куд гъæуама уа, уобæл дзубанди цудæй нæ республики 2022-2024 æнзтæн бюджет исбæлвурд кæнуни хецауадон къамиси æмбурди, разамунд ин лæвардта Цæгат Иристони Хецауади сæрдари ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Тускъати Таймураз**. Æма æ радзубандий куд баханхæ кодта, уотемæй нури уæнгæ æнхæстгæнæг хецауæдзийнади къабæзти æма финансти министради æмгустдзийнади фæрци бантæстæй гъæугæ куст исæнхæст кæнун, цæмæй районти бюджетти бæрæггæнæнтæ бæлвурдгонд уонцæ. Анзи кæронмæ гъæуама дзубандигонд æрцæуа бюджети æфтуйæгти хайбæл, еци дзубандий архайдзæнæнцæ Парламенти депутаттæ, районти бæрнон адæймæгутæ.

Аци æмбурди ба финансон ведомстви разамонæг **Исахъти Олег** радзурдта, нæ республики исонибони бюджет гъæуама циуавæр уа, уой тухххæй:

– Нæуæг анзи бюджети æфтуйæгти хай гъæуама уа 25 миллиард æма 721 миллион соми, хæрзти хай – 25 миллиард æма 592 миллион соми. Хъæлонти æма æнæхъалонти æфтуйæгтæ уодзæнæнцæ 14 миллиард æма 604 миллион соми.

Исахъи-фурт куд байамудта, уотемæй æртæ анзей финансон пъланмæ хаст æрцудæй бæлвурд нисантæ:

– Гъæугæ феддонтæ æнхæстæй барветдзæнæнцæ æгуст адæми тухххæй æнæмæнгæ медицинон фæдзæхстади къабазæмæ;

– цæргутæн социалон агъази феддонтæ 'нцæ бæрæг, гъæуама сæбæл исæмбæла 1 миллиард æма 969 соми, е, 2021 анзи хæццæ рабаргæй, æй 276 миллион сомемæй фулдæр.

– бюджети къабази косгути мизди хæрзтæ 'нцæ бæрæг, æ ирæзтмæ гæсгæ сæ бафеддзæнæнцæ æ бæрцæ 'й 9 миллиард æма 538 миллион соми;




– муниципалон скондти бюджеттæ исраст кæнуни дотацитæ нимад æнцæ инфляций бæрци хæццæ, сæ нимæдзæ 'й 1 миллиард æма 125 миллион соми;

– бюджетти 'хсæн трансферттæ муниципалон скондтæн радех кæндзæнæнцæ 135 миллион соми (уордæмæ рахæсгæ 'нцæ: лæвар хуæлцæ агъазгъæуагæ бийнонти сувæллæнттæн – 73 миллион соми, Президенти хъæппæресæй бюджет аразуни тухххæй ци ихæстæ исæвардта, уомæн – 30 миллион соми, муниципалон скондти архайд банимайунæн – 19,5 миллион соми, гъардæттуни хизтæ райаразуни тухххæй – 12,5 миллион соми); – национ проекттæбæл хæрзтæ, нæ финансон хай си байвæргæй, æнхæстæй нимад æнцæ, мадта ма федеарлон бюджет нисантæн ци фæрæзнитæ радех кæндзæнæй, етæ – 737 миллион соми.

Паддзахадон ихæс 2022 анзи кæронмæ гъæуама уа 7 миллиард æма 848 миллион соми, гъома, фæмминкъийдæр уодзæнæй 185 миллион сомей бæрцæ.

Республикон бюджети бæрæггæнæнтæбæл дзоргæй, Тускъати Таймураз куд загъта, уотемæй сæйрагдæр æнцæ социалон ихæстæ æма бюджети къабази косгутæн мизд бафедуни гъуддæгутæ. Хецауади кабинети иуонгтæн байхæс кодта, цæмæй сæхецæн фæббæрæг кæнонцæ ахсгиагдæр нисантæ æма сæбæл еугур гæнæнтæ æма равгитæй дæр бакосонцæ. Æ радзубандий загъта:

– Национ проектти æма паддзахадон программити мадзæлттæмæ гъæуама æнæмæнгæ хе æхца æфтауæн. Президент нин нæ размæ ци ихæстæ исæвардта, уони æнхæст кæнæн, алли гъуддагæн дæр аразæн «фæндаггон картæ», ци хæрзтæ син багъæудзæнæй, уони байвæрæн бюджети. Æхца парахаттæй нæ бон харз кæнун нæй, министртæ æма ведомствити разамонгути æргом уомæ здахун. Цæмæй республикæ ирæза, размæ цæуа, уой тухххæй гъæуама исахур уæн нæ хæрзтæ нимайун. Уæд нæ бон уæлдæр, хуæрзгъæдæдæр æмвæзадæмæ рахезун бауодзæнæй.

Кæронбæттæни ба ма æримисдзинан нæ рагфидтæлти еума зундгин загъд: «Исонибони амонд абони цæстæй кæсуй!..» Æма абони æмвæндæй æма æновудæй байархайæн, цæмæй нæ исонибон амондгун уа алцæмæй дæр, зæрдрохс си уæн æма разæнгардæй кæнæн нæ карни хабæрттæ.

**Иристони номдзуддæр лæгтæй еу, зингæ паддзахадон æма æхсæнадон архайæг, рохситауæг Калоти Зæбей фурт Заурбеги райгурдбæл аци анзи æнхæст кæнуй фондз æма цуппаринсæй анзи (1876-1935).**

# «ДОНИ АХИДÆН УÆД ДÆ ЦАРД!..»

***Ауæхæн арфи загъд нин нæ рагфидтæлтæй байзадæй. Фал уæддæр алли доги ахсгиаг æй, уомæн æма цийфæнди рæстæгути дæр дони фарста сагъæссаг адтæй, æй æма идарддæр дæр уодзæнæй. Уомæ гæсгæ ба абони дæр устур æргом æздæхт цæуй, цæмæй адæм донæй нæхъæртондзийнæдтæй макæми цæуонцæ гъигæдард, еци фарстамæ. Уой туххæй Цæгат Иристони нисангонд æрцудæй сæрмагонд программæ. Æма е куд æнхæстгонд цæуй, уобæл æрдзубанди кодтонцæ, нæ республики Хецауади Сæрдари ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг ТУСКЪАТИ Таймураз æрæги ци æмбурд исаразта, уоми.***

Цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради, артаг æма энергетики министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Тамати Майрæн** куд радзурдта, уотемæй программæбæл бакустонцæ Сергей Меняйлой фæдзæхстмæ гæсгæ. Æ нисан æй адæми цардиуаги фадуæттæ хуæздæр æма æдасдæр искæнун, коммуналон фæрæзнити хæрзтæ фæмминкъийдæр кæнун, коммуналон лæггæдти æргътæ исфедар кæнун.

Дони къабази косæг организацитæ æййафунцæ зиндзийнæдтæ, адæмæн ниуазуни дон нæ фагæ кæнуй. Сæйраг агъаз æй, дони хизтæ ке байехсудæнцæ, е. «Дони хæтæлтæ æма дондæттæг объекттæ байехсудæнцæ 85 процентти бæрцæ. Паддзахадон экспертизæмæ балæвардтан 12 объекти, сæ проектон-хæрзти документаци син гъæуама равзаронцæ æма сæ хатдзæг зæгъонцæ. Уæрæсей Арæзтади министрадæмæ рарвистан 11 объекти, куддæр проектти арæзтадæмæ бавналæн, уотæ дони хæццæ уавæр фæххуæздæр уодзæнæй», – радзурдта Тамай-фурт.



Куд ма фæббæрæг кодта, уотемæй донуадзæнти уавæр дæр æй тухстаг, сæ ехсуд исхъæрдтæй 85 процентмæ. Гъæуй æй æййевун, канализаци æнæкæдзосгæнæнтæ ке æй, е æй хъæбæр вазуггин гъуддаг, æ хизæг низзауæт æй. «Донуадзæнти 14 централизацион системæй механикон æгъдауæй кæдзос кæнунцæ Дзæуæгигъæуи, Мæздæги æма Æрæдони хизтæ. Еумæйагæй æ дæргъæ ‘й 1282, 9 километри, баййевун си гъæуй 516 километри. Æ аргъ – 17 миллиард соми, уордæмæ рахæсгæ ‘нцæ Дзæуæгигъæуи канализацион хизти 312,2 километри», – фæббæрæг кодта министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг.

Еугур программи нисантæ хæстæгдæр дæс анзей дæргъи исæнхæст кæнунæн багъæудзæнæй 29,796 миллиард соми. Министрти кабинет иарази æй дууæ нæуæг кустуати исаразунбæл – «Аланияэнергосбыт» æма «Республиканское предприятие водоснабжения и водоотведения». Етæ гъæуама электрон тухи, ниуазуни дони æма донуадзуни лæггæдтæ фæхххуæздæр кæнонцæ.

Арæзтадæ æма архитектури министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Моргуати Константин** ци фæндон бахаста, уомæ гæсгæ федаргонд æрцудæнцæ трамвайти рельситæ æма рельсити ‘хсæн фæзтæ бундоронæй цалцæг кæнуни уагæвæрдтитæ. Дзæуæгигъæуæн радех кæндзæнæнцæ 100 миллион соми, уони федералон бюджетæй æрæрвистонцæ республикон бюджетмæ. Моргуай-фурт ма рахаста, хе æхцай фæрци фатер исаразунвæндæ кæмæ разиндтæй, æнæ хæдзарæ æма æнæ ‘хцайæй ка байзадæй, еци адæми бартæ багъæуай кæнуни проект. Æдеугур объекттæ ‘нцæ 6, алкæбæл дæр си куст цæуй.

«Акционерон æхсæнадæ «ДОМ РФ» архайуй, сайди ка фæцæй, уони бартæ багъæуай кæнунбæл. Нуртæккæ еци мадзæлтти фæрци Мæскуйаг гъæунги 27-аг хæдзари цæргутæн федæн æхца, Тогъой-фурти гъæунги 22-аг хæдзарæ ба кæронмæ исаразунбæл архайæн», – загъта министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг.

Æмбурди ма равзурстонцæ Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министрадæн уæлæнхасæн 4 миллион æма 566 мин соми радех кæнуни фарста. Мадзæлтти фæрци æнæкъулумпийæй Республикон клиникон сæйгæдонæмæ лæвæрд цæудзæнæй кислород. Материалон-техникон бундор исфедар кæнунæн финансон агъаз райсдзæнæнцæ Мæздæги, Æрæдони æма Кирови районти сæйгæдæнттæ дæр.

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ!..



*Аци хатт ба уин ракæнуйнаг ан нæ зундгонд артистти цардæй еу цауи кой. Цæветтонгæ, театри цæттæ кодтонцæ нæуæг спектакли. Æ медесмæ гæсгæ си байеудагъ æй тугъд уорсгвардионтæ æма сурхити ‘хсæн. Сæ еуетæмæ дæр нæмуг нæбал ес. Тохæндзаумæуттæ рагæлстонцæ æма бавналдтонцæ лæгæй-лæгмæ тохмæ. Тибилти Чермен адтæй уорситæй, Цæгæрати Глеб ба – сурхитæй. Сурхитæ гъæуама фæууæлахез адтайуонцæ. Чермен – къабазгин лæхъуæн. Глеби æ буни æркодта. Режиссер имæ залæй дзоруй:*

*– Чермен, Глеб дæбæл гъæуама фæууæлахез уа!*

*Чермен æ иуæнгтæ фæйнердæмæ райвазта::*

*– Мæнбæл гъæуама мæнæ айæ фæууæлахез уа? Мæ еу цонги тухæ имæ ку нæййес, уæд… Ногирмæ ци цæсгомæй ниццæудзæнæн?*

*Режиссер ма ин цидæр зæгъунмæ гъавта, фал Чермен фæрразæй æй:*

*– Маци мин дзорæ – уомæн уæн нæййес!.. Уой бæсти мæлæт!..*

*Режиссер балæдæрдтæй Чермени уавæр æма син сæ рольтæ байййивта.*

***

Нури догæ ба уæхæн иссæй, æма ни кадæртæ, кедæр, уæлдайдæр ба хецауеуæггæнгутæй еске цæстиварди фæууни зæрдтæй сæ хенимайундзийнадæ къæхти буни фæккæнунцæ. Бæргæ, Чермени хузæн багъæуаги сæ сæрустурдзийнадæ гъæддухæй æвдесун ке бон уа, уæхæн лæгтæ нæмæ фулдæр ку уайдæ. Уæд цæйбæрцæбæл рæвдзæдæр уиуонцæ нæ цардарæзти хабæрттæ. Фал…



**Вячеслав КОСТИКОВ, газет «Аргументы и факты»-й фæлгæсæг: «Бæргæ фæндуй зæрдæ дарун уобæл, æма нæуæг равзурст депутаттæ сæ гъос лæмбунæгдæр дардзæнæнцæ, адæм цæбæл сагъæс кæнунцæ æма цæбæл сæ зæрдæ дарунцæ, уомæ…»**

Æнгъæлмæгæсæги зæрдæ, дан, фунтæй хъал æй… Сауæнгæ æвзурстити размæ дæр æвзаргути хæццæ фембæлунмæ ке нæ райевдалдæй, сæ зæгъуйнæгтæмæ син байгъосунмæ æ сæр ка не ‘рхаста, уонæмæ, Парламенти гъар æма фарнæхæссæг бунæтти æрбадгæй, хумæтæг адæми сагъæс ма сæ уодзæнæй? Кунæг!..



**Михаил ТАРКОВСКИЙ, финсæг: «Мæ зонгитæн сæ фулдæр, дæсгай адæймæгутæ цæрунцæ тухамæлттæй, улупай еу райстæй иннемæ æнгъæлмæ кæсгæй, æносон нæхъæртондзийнади хæццæ, фал уæддæр куддæртæй цæрунцæ…»**

Нуртæкки адæм ци нæхъæртондзийнæдтæй тухсунцæ, уони еугурæй дæр кæнунцæ коронавируси пандемий фуд. Кæд æцæгæйдæр уотæ ‘й, уæд айдагъ хумæтæг адæми царди уавæртæ æгудзæгæй-æгудзæгдæр цæмæн кæнунцæ (сæ æфтуйæгтæ, зæгъæн, 2020 анзи фæмминкъийдæр æнцæ 3,5% бæрцæ), нæ бонгинæй-бонгиндæртæ (нæ бæсти цæргутæн – сæ 10%) ба никки гъæздугдæр кæнунцæ? Æви ковидмæ дæр мæгуртæ æма гъæздугутæбæл нæ дехтæ кæнуни ацъагъуæ дæр ес?



**Август БЕЛКИН, историк, педагогон наукити доктор: «Ахургæнæгбæл дохтирæй минкъийдæр бæрнондзийнадæ не ‘нцайуй, уомæн æма е кæронккаг хатдзæгмæ гæсгæ дзуапп дæттуй нæ бæсти исонибонбæл…»**

Ахургæнæгæн æ кусти нисанеуæги агъазиаудзийнадæмæ гæсгæ ин не ‘хсæнади аккаг аргъгонд цæмæй цæуа, е нæ хецауеуæггæнгутæй кæмæй аразгæ ‘й, етæ скъоламæ ку цудæнцæ, уæд си, æвæдзи, сæ рæвдзитæй нæ адтæнцæ. Æма нур ба раст цума си сæ маст есунцæ, уоййау ахуради къабазæн алли фудмиутæ аразунцæ. Раст зæгъгæй, Уæрæсей Президент В.Путин хуæрзæрæги бардзурд равардта, цæмæй ахургæнгутæн мизд федуни системæ рæвдзæдæргонд æрцæуа. Хабар бæргæ хуарз æй, фал си, цума, ести рауайдзæнæй – иннæ хæттити хузæн бабæй ку нæ фæффудевгед уиуонцæ ахургæнгутæ.

АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

## НÆ ФИДИБÆСТИ ТУХГИНДЗИЙНАДÆ ÆМА РАЙДЗАСТДЗИЙНАДÆ – АДÆМИ ЦАРДИУАГИ ФАРНÆ ÆМА АМОНД ÆЙ!..

Дзилли цæстингас бæлвурдгæнæг Левадæ-центр (Уæрæсей Федераций юстиций унаффæмæ гæсгæ хаст цæуй фæсарæйнаг агентти номхигъдмæ) нæ бæсти цæргутæй, циуавæр бæстæй уæ уинун фæндуй Уæрæсе, зæгъгæ, ке бафарстонцæ, уонæн сæ 66% куд загътонцæ, уотемæй сæ фæндуй, цæмæй фиццагидæр уа, адæми царди æмвæзнæ, кæд иннæ размæцуддæр бæстити хузæн нæ, фал уæддæр бæрзонд кæми æй, уæхæн бæстæй. Еци бæрæггæнæн анзæй-анзмæ ирæзуй 2015 анзæй фæстæмæ æма нуртæккæ исхъæрдтæй, цæстдард имæ кæдæй цæуй, уæдæй тæккæ бæрзонддæр бæрцæмæ. Æрфарст адæмæн се ’ртиккаг хай (32%) ба куд нимайунцæ, уотемæй Уæрæсе гъæуама уа номдзуд æма цитгин паддзахадæ, кæций нимайдзæнæнцæ кенæ ба си тæрсдзæнæнцæ иннæ паддзахæдтæ. Зæгъун гъæуй уой дæр, æма æрфарст адæмæй алли дуккаг дæр арази æй, цæмæй нæмæ уа социалистон политикон системæ, уой хæццæ ба 18% арази æнцæ нуриккон цардарæзтæй (аци вариант ка равзурста, уони бæрцæ æхсæз анземæ фæмминкъийдæр æй еу æма æрдæги бæрцæ). Мадта æрфарст адæмæн сæ 16% ба бæллунцæ хорнигулæйнаг бæстити хузæн демократимæ. Аци фæстаг хатдзæгмæ гæсгæ мах ба уой зæгъуйнаг ан, æма æндæр бæстити, нæ уодварни æрдзон искондмæ гæсгæ нин æцæгæлон ци ’й, уомæ хицæ кæнун æма бæллуни бæсти нæхе фидиуæзæги гъæугæ æгъдау исæвæрæн æма нæхе сæри зундмæ гæсгæ æма нæхе хуарзæн нæ цардиуагæ аразунбæл еузæрдиуонæй æма рæстзæрдæй байархайун нин берæ пайдадæр уодзæнæй!..




**Уæрæсей ахургæнæги бон, уæдта ахургæнгути Еугурдуйнеуон бон бæрæггонд цæудзæнæнцæ 5 октябри. Зæрдиагæй арфæ кæнæн нæ республики еугур ахургæнгутæн дæр сæ бæрæгбæнтти фæдбæл.**

*Зундгонд ирон финсæг БИЦЪОТИ Грис (1932-2014) æ документалон уацаутæй еуеми уотæ финста: «Нæ фидтæлтæмæ хуарзæй дæр ци адтæй, рæдуйгæ дæр цæмæй фæккæниуонцæ, уони исонибони ку нæ бахинцæн, уæд цардвæндæгтæбæл цæугæй, нидздзæгъæлтæ уодзинан, хъисмæти фудæвзарæнтæн фæразон нæ разиндзинан. Нæбал ми иронх кæнуй 80-аг æнзти æмбеси*


Актай ОЛИРЗАЕВИ конд хузæ «Уаргъ».

# ЗÆРОНДИ УАРЗÆ, КАДÆ ИН КÆНÆ ÆМА ‘Й ЗУНДÆЙ ФÆРСÆ...

Рацæргæ адæймæгути Æхсæнадæмон бони туххæй нæ зæгъуйнæгтæ райдайун фæндуй Цæгат Иристони адæмон поэт Бабочити Руслани финст æмдзæвгæ «Зæронд над»-æй.

*О, рандæй æндæрбæлти рæстæг,*
*Æ бæлццæнттæ къуæрттæй*
*ниппурх æнцæ, –*
*Нæбал ес зæронд надбæл цæуæг,*
*Гъæдгинтау, æ цалхвæдтæ ‘ссудæнцæ.*

*Бафиста кадæ-радæй е ‘хæс,*
*Ездонæй лæгдзийнадæ бавдиста, –*
*Æууæндтæй исонбонбæл æрмæст,*
*Фæккодта нæ гъæуай фидбилизтæй.*

*Æнсувæрау е мах лæдæрдтæй,*
*Нæ фæллад æнкъардта, нæ донзонуг.*
*Берети ни раздахта мæрдтæй,*
*Рæсог цъаййæй саста нин не ‘донуг.*

*Нæ фæлмасти хæссидæ нин нифс,*
*Æвардта нин не ‘нкъарди зæрдитæ.*
*Бунмæ къоли кæнидæ гириз,*
*Хуймон галау, ласта нæ хæрдити.*

*Еске ни ку фæккеуидæ, уæд*
*Æмбалау бадаридæ æ усхъæ.*
*Æййивта нин, цит, е гъар нимæт,*
*‘Хе бауадзгæй æма æрбахусгæй.*

*Зæронд над, дæ гъуддаг бакодтай,*
*Ду бавдистай нин уой уæлахезæй, –*
*Къæхти буни уогæй дæр хатгай*
*Бæрзонд гъуди хæссун ке æнгъезуй…*

Аци æмдзæвгæ уомæ гæсгæ æримистан, æма адæми царди фæткитæ дæр уæхæн æнцæ: еу фæлтæр ку базæронд уй, уæд æ барти бацæуй æ фæсте ка райрæзуй, еци нæуæг фæлтæр. Еци фæткæн раййевæн нецихузи ес, цийфæнди тухгини бон дæр неци бауодзæнæй. Æцæг, æ хæццæ ма ци берæ æндæр хабæрттæ баст фæууй, уонæн ба еци раййевитæ-байййевитæй тæссаг фæууй. Уæлдайдæр ба – нæуæг фæлтæр æ карни гъуддæгутæ аразгæй, æ разæй кæци фæлтæртæ адтæй, уони фæлтæрддзийнадæ æма зундæй ку нæ пайда кæна, æнæнвæрсонæй сæбæл ку исустурзæрдæ уа æма æ цардвæндаги фæснадмæ ку рагæлдза, уæд хъæбæр фæррæдуйдзæнæй æма æ хецмæрездзийнади фудæй нæ фæррæстмæ уодзæнæй æ бæлдити. Уой фæдбæл нин нæ курухон рагфидтæлтæй берæ аллихухзон таурæхътæ байзадæй. Мæнæ си еу.

## ЗÆРОНДИ КА ГÆЛДЗУЙ, Е ÆРИГОНИ ДÆР НÆ ИСХÆСДЗÆНÆЙ...

Еу гъæуи цæргутæ сæ хестæрти курухон, раст зунди фæрци гъæздуг цардæнцæ. Гъæуагæ нецæмæй æййафтонцæ. Гъе, æрмæст сæ фæсевæд æгæр фæхъхъал æнцæ, кустмæ сæ гъос нæбал дардтонцæ, æнæгъдау, æнæуагæ миутæ кæнун райдæдтонцæ. Сæ фулдæр рæстæг гъæздуг фингитæбæл æрвистонцæ. Æхсæвæ-бонмæ мийнасæ кодтонцæ, кафтонцæ, бонæй ба – фунæй кодтонцæ.

Хестæртæ устур мæти бахаудтæнцæ, сæ кæстæрти раст надмæ куд раздахонцæ, уобæл сагъæс кодтонцæ. Фал кæстæртæмæ хестæрти дзубандитæ нæбал гъардтонцæ, сæ уайдзæфтæ син æфхуæрдбæл нимадтонцæ.

Еууæхæни ба гъæуи фæсевæд æрæмбурд æнцæ хебæрагæ рауæн. Бадунцæ, мийнасæ кæнунцæ. Сæ бохъ цардæй, сæхецæй арази ’нцæ. Гъе, айдагъдæр ма сæ сæ хестæртæ ку нæ хъор кæниуонцæ...

Уæд си еу уотæ зæгъуй:

– Сæ уайдзæф æма се ’хсилкъæ дзубандитæй нæ бон нæбал æй, зæрдæ сæмæ фурмæстæй тъæппитæ хауй! Гъæугæ ба нæ цæмæн кæнунцæ, гъæугæ?!.

– Æгириддæр нецæмæн! – исдзурдта иннæ.

– Хъор даруни хуасæ нин æнцæ! – загъта æртиккаг. – Кæдмæ син гъæуама бухсæн?! Цæй æма син кæрон искæнæн.

– Куд?! – æмгъæлæсæй рафарстонцæ иннетæ.

– Рамарæн сæ!

– Еци фæндæ берети зæрдæмæ нæ фæццудæй, фал син сæ «миутæ, се ’фхуæрæн» дзубандитæ еугæйттæй «хормæ калун» ку райдæдтонцæ, уæд еугурæйдæр исарази ’нцæ. Æма дуккаг бон сæ фудвæндæ исæнхæст кодтонцæ: ниццагътонцæ сæ хестæрти, сæ даргути, сæ зундамонгути. Айдагъдæр си еу биццеуи зæрдæ нæ базагъта æ фиди рамарун. Зæронд хъæрæу фидæ ин адтæй. Рæвдудæй уæлдай си еу гурумухъ дзурд нæ зудта. Байевдалдæй æма уæрмæ искъахта. Уоми æй баримахста. Уордæмæ ин сосæггай хуæруйнаг æма дон хаста.

Бæнттæ цудæнцæ, цард æхе гъуддæгутæ кодта. Гъæуи фæсевæди хъордарæг нæбал адтæй. Дессаги цард сæбæл æркодта. Сæ зæрди фæндон цардæнцæ. Хуæрдæ æма игъæлдзæгдзийнадæ. Косгæ нæбал кодтонцæ. Æма син сæ хестæртæй ци бунтæ байзадæй, уонæн уайтæккæ сæ бунæй рохс исуагътонцæ. Фæстагмæ сæмæ, еумæйаг фингæн нæ, фал æхсæвæрæн ци бахуардтайуонцæ, е дæр нæбал адтæй.

Уæдмæ уалдзæг дæр æрбалæудтæй. Хумæ кæнун, таун гъæуй, фал сæмæ тауйнаг нæбал байзадæй. Æрæмбурд бабæй æнцæ еу рауæнмæ, унаффæ кæнунцæ, идарддæр ци кæнгæ ’й, зæгъгæ, фал сæ сæрмæ неци цудæй, стонг мæлæтæй куд фæйййервæзонцæ, уомæн неци сæ бон адтæй æргъуди кæнун.

Æ зæронд хъæрæу фиди уæрми ка баримахста, е еумæйаг æмбурдæй ку æрбаздахтæй, уæд имæ ниххизтæй. Кæрæй – кæронмæ ин радзурдта гъæубæсти хабæрттæ. Зæронд лæг ниссагъæс кодта æма фæстагмæ æ фуртæн загъта:

– Æверхъау миутæ бакодтайтæ, кæстæртæ... Ци ’рцудæй, уомæн раздахæн нæбал ес, фал ма гъæубæстæй уодæгас ка байзадæй, уони стонг мæлæтæй фæййервæзун кæнун гъæуй. Тауйнаг уæмæ ке нæбал байзадæй, уомæ гæсгæ байевдæлетæ æма хумзæнхитæ нæ, фал фæззæги будуртæй уæрдунти хуар ци нæдтæбæл ластайтæ, уони бахумæ кæнетæ. Еци нæдтæбæл ласгæ – ласгæй ци хуарти гагатæ фæккалдæй, етæ Хуцауи фæрци, ести æвзартæ гъæуама исуадзонцæ. Е æй уæ еунæг мадзал.

Лæхъуæн рацудæй, гъæубæсти фæсевæди æрæмбурд кодта æма син балæдæрун кодта, ци сæ кæнун гъæуй, уой. Бахумæ кодтонцæ айдагъдæр нæдтæ. Рæстæг рацудæй. Кæсунцæ æма нæдтæбæл мæнæуи æвзартæ фæззиндтæй. Цæсти гагуй хузæн сæ гъæуай кодтонцæ.

Ралæудтæй фæззæг. Баинайæ кодтонцæ сæ хуар æма ’й бафснайдтонцæ. Сæ цийнæн кæрон нæбал адтæй, стонг мæлæтæй ке фæййервазтæнцæ, уобæл. Фал уæддæр, ци æверхъау бæлах æруагътонцæ, уой нæма лæдæрдтæнцæ, нæма сæмæ багъардта. Уæд æрæгиау кадæр хъæрæу зæронд лæги фурти сонт фарст ракодта:

– Дæ Хуцауи туххæй, зæгъай нин, куд æргъуди кодтай, нæдтæ хумæ кæнун гъæуй, уой?

Лæхъуæн æ фиди хабар гъæр кæнунмæ нæ гъавта, фал син фæстагмæ радзурдта, æ фиди ке нæ рамардта, уæрми æй ке баримахста, нæдтæ дæр уой унаффæ æма зундæй ке бахумæ кодтонцæ, уой.

Фæсевæд, еци дзубанди ку фегъустонцæ, уæд æрлæдæрдтæнцæ сæ рæдуд. Зæронд лæги уæрмæй исхезун кодтонцæ, æ рази сæ уæргутæбæл æрлæудтæнцæ æма си хатиртæ корунцæ.

Зæронд лæг син уотæ:

– Устур æма æверхъау рæдуд æруагътайтæ. Хуцауи размæ раст нæ айтæ. Хатир дæр фиццаг Хуцауæй корун гъæуй. Æма уин Устур Хуцау уæ сонт рæдуд ниххатир кæнæд. Идарддæри царди сумах дæр æма сумах кæстæрти дæр Хуцау багъæуай кæнæд уæхæн рæдудæй.

Уотæ ’й цард: хæдзари хестæр хъæрæу, хъан сæйгæ ку уа, уæддæр æ фарнæ берæ ’й. Уæддæр нифси, гъомуси хуасæ æй кæстæртæн. Фæлтæртæ кæрæдзей хæццæ къумæлхийтæй баст æнцæ, райхалæн, фæххецæнгæнæн син нæййес. Хестæрти зундбæл, кæстæрти хъаурæбæл лæууй æма ирæзуй а зæнхæбæл цард. Е лæдæрд уа адæймагæн, дуйней уодæгасæй цидæриддæр исæнтæстæй, уонæн сæ тæккæ зундгиндæрбæл нимад ка цæуй уомæн, кæд æма лæдæрд æй æнæуой цæрæгойтæн дæр. Уой фæдбæл ци таурæхътæ ес, уонæй уин ракæндзинан еуей.

## ХАЛОН ÆМА Æ БÆДÆЛТТÆ

Халон бæрзонд сосгъæдæ бæласи сæрмæ астъонæ исаразта. Æйкитæ си æрæфтудта æма рауагъта цуппар бæдоли. Цæйбæрцæдæр рæстæги фæсте карз уарунтæ искодта, дæнттæ фемæхстæнцæ сосгъæдæ бæласи фæйнæ фарси, æма тæссаг адтæй, бæласæ æд уедæгтæ ку раласонцæ, уомæй. Уæд халон æ еу бæдоли фелваста æма ‘й фæххæссуй æдас рауæнмæ. Еуцæйдæрбæрцæ ку ратахтæй, уæд фæрсуй æ бæдоли:

– Аци фудæбæнттæ мин цæмæй бафеддзæнæ?

– Тæхунгъон ку фæууон, уæд дин алли бон цъеуи мæрдтæ æма æндæр аллихузон хуæруйнæгтæ хæсдзæнæн.

Халон айтæ-уйтæ нæбал фæккодта æма æ бæдоли донмæ ниггæлста. Фæстæмæ раздахтæй, дуккаг бæдоли бабæй рахæссуй æдас рауæнмæ. Тæхуй, тæхуй, мадта ци, æма бабæй фæрсуй æ бæдоли:

– Аци фудæбæнттæ мин цæмæй бафеддзæнæ?

– Тæхунгъон ку нæбал уай, уæд дин алли хуæруйнæгтæ хæсдзæнæн.

Халон бабæй еци бæдоли дæр дони ниггæлста. Раздахтæй фæстæмæ æртиккаг бæдолæмæ æма бабæй уой дæр иннети хузæн, донмæ ниггæлста.

Мæнæ рахæссуй цуппæрæймаг бæдоли. Тæхуй дони сæрти. Дон æмбохуй, æ гъæр арвмæ игъусуй. Фæрсуй бабæй халон æ цуппæрæймаг бæдоли:

– Ду ба мин аци фудæбæнттæ цæмæй бафеддзæнæ, мæ уарзон бæдолæ?

– Ду дæ мадæ æма дæ фиди фудæбæнттæ цæмæй бафистай, æз дæр дин сæ уомæй бафеддзæнæн...

Халон нецибал загъта, фал æ бæдоли донмæ нæбал ниггæлста.

## ФУРТ Æ НИЙЙЕРГУТÆН ГЪÆУАМА ЦИРТДЗÆВÆН УА?

Хестæртæн, уæлдайдæр ба хъиамæтгун ниййергутæн кадæ кæнун, æгъдау син дæттун, сæ зæруай бæнттæ син барайдзаст кæнун – е нæ адæми ‘хсæн сауæнгæ недзамантæй фæстæмæ кæстæртæн алкæддæр адтæй æма идарддæр дæр гъæуама уа тæккæ ахсгиагдæр æма æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаг ихæс. Фал…



**_Японийæй Мæскумæ ци ахургæндтæ æрбацудæй, етæ зæронд цæргутæбæл ке зилдæнцæ æма сæ фидтæлтиккон дзаманти хабæрттæй ке фарстонцæ, е. Етæ цæмæн багъуддæнцæ, зæгъæ, сæбæл мæскуйæгтæ ку бадес кодтонцæ, уæд иуазгутæ уæхæн дзуапп равардтонцæ: «Махæй алкедæр фæстаг рæстæгути æ хæдзарвæндаг базонунбæл æ уодæй-уод кæнуй…»_**

ДИГОРÆ №35. 2021 анз. 30 сентябрь – рухæни мæйæ





БЕЖАНТИ Вадими конд хуззæ «Базармæ».

Рæстæгутæ кæрæдзей куд æййевгæ цæунцæ, уотæ нæ дзилли цардиуаги дæр берæ цидæртæ æййивд цæунцæ, гъулæггагæн, кæцидæртæ си бустæги æведауцæй разиннунцæ. Зæгъæн, кæстæртæ æма хестæрти ‘хсæн рахастдзийнæдти нури уæнгæ сæрустур цæмæйти адтæнцæ нæ адæм, етæ нин цæмæйдæрти уоййасæбæл цитгийнаг нæбал æнцæ, устурзæрдæ сæбæл кæнун байдæдтан.

Уой фæдбæл дæр, гъулæггагæн, берæ дæнцитæ æрхæссун æнгъезуй. Зундгонд журналист æма поэт Абайти Эдуард кæддæр ниффинста публицистон уац «Фурт æ фидæн циртдзæвæн æй», æма си цæбæл финста, æ еци гъудитæ абони дæр сагъæссаг æнцæ. Æрхæсдзинан си цалдæр скъуддзаги:

… Хестæрæн, дан, æ фий расæрфæ æма ‘й зундæй бафæрсæ. Зæронд гал ауæдзæ нæ ихалуй. Е ба, æвæдзи, кæстæртæ бафеппайдтонцæ, уомæн æма ‘й зудтонцæ, æнæ хестæри зунд, унаффæ, царди фæлтæрддзийнадæ уонæн дæр зин ке уодзæнæй, уой. Адтæй федар фæткæ æма æгъдау, æма сæ е кæддæрриддæр æлваста, баста сæ кæрæдзебæл æзних æма æхсонау.

***

Нæ синхи зæрæндтæ! Тæходуй, сумах хузæн дзурдарæхст, цъухидзуапгин ка ‘й, дзурдамонд ка фæцæй сумах хузæн. Æз уæ хæццæ ци рацардтæн, е мæрдти дæр мæ хæццæ уæд æма уæлæбæл дæр. Мæ цъухæй уæмæ игъустон, мæ цъухæй, сумах ба уæ цъухтæй сугъзæринттæ калдтайтæ. Æндзуг цума бауинæ уæ цъухи фарни десаги кадæнгæмæ, ме ’взаг цума ранихъуæринæ, айдагъдæр мæ зæрдæ æхе реуи фæрстæбæл æхе хуаста фесхъеун æввонг.

***

«Куд хумæтæг, куд зæрдегинæй фæццардайтæ, мæ дзæбæх зæрæндтæ!..» – уотæ бадес кодта Абайти Эдуард æ уаци. Уой дæр – цийнæгæнгæй æма зæрдрохсæй. Æма æнгъæл адтæн, идарддæр нин æхцæуæн хабæрттæ ракæндзæнæй, фал… Хъæбæр хъонцгæнæни хузæн рауадæй æ идарддæри дзубанди: «Цæгат Иристони нæмæ зæрæндти Хæдзарæ, зæгъгæ, ку фегъусинæ, уæд мæмæ еци хабар уоййасæбæл æнахур кæсидæ, æма ибæл æнхæст æууæндгæ дæр нæ кæнинæ. Цалинмæ еци æведауцæ гъуддаг мæхе цæститæй нæ фæууидтон, Дзæуæгигъæуи ка ‘й, зæрæндти еци Хæдзарæ нæ бабæрæг кодтон. Хунгæ бæргæ рæсугъд кæнуй – «Уозæлд». Æ директори хæццæ ку дзубанди кодтон, уæд мин уотæ радзурдта:

– Раздæр нæмæ ирæнттæ берæ нæ уидæ, фал нур ба, ка нæмæ æрфусун æй, уонæн се ‘рдæг иннæ адæмихæттитæй æнцæ, иннæ ‘рдæг ба – ирæнттæ. Зæронд адæймаг æ бийнонти нæбал фæгъгъæуй æма й махмæ æрбакæнунцæ, фæууй уотæ æма ‘й къæсæрбæл ниууадзунцæ, сæхуædтæ сæ сæртæ бафснайунцæ…

Еу рæстæги нæмæ цардæй Устур Фидибæстон тугъди ка фæссахъат æй, еу уæхæн лæг. Адтæй ин фондз гуппурсар фурти. Лæги ци базудтон, уомæй адтæй хуæдæфсармæ, ездон ирон лæг ци фæууй, е. Ку, дан, рамæлон, уæд мæ макæмæн раттетæ, уæхуæдтæ мæ банигæнетæ, зæгъгæ, фæдзахста махæн. Ку рамардæй, уæд нæмæ æртемæй æрбацудæнцæ. Æз син æй нæ лæвардтон, фал æй уæддæр фæлластонцæ. Æз æма нæ дохтир мæрддзогойнæ рандæ ан. Уойбæрцæ адæм имæ æрæмбурд æй, æма сæ зæнхæ нæ уорæдта. Бæрæг адтæй, адæми ’хсæн кадæ æма радæй ке фæццардæй æма базæронд æй, е. Фурттæ мах ку фæууидтонцæ, уæд сæ сæртæ ниггубур кодтонцæ. Зиани уæлгъос ка дзурдта, е уотæ дзурдта, цума сæйгæдони рамардæй. Æз мæхе туххæй уорæдтон. Фæндадтæй мæ адæми ‘хсæнмæ рацæун æма рæстдзийнадæ радзорун, фал, ирон æфсармæмæ гæсгæ, мæ нифс нæ бахастон, налат, къæйних силгоймаг мæ ку рахононцæ, зæгъгæ. Хеуæнттæй имæ еу дæр хæстæг нæ бацудæй. Æз имæ мæхуæдæг бацудтæн æма ибæл мæ къох байвардтон, хатир си ракурдтон, зæгъун, кæд дæ рази естæмæй фæррæдудтæн, уæд мин æй ниххатир кæнæ».

***

Зæрæндти Хæдзари ка цæруй, етæ, раст зæгъгæй, алцæмæйдæр æнхæст рæвдуд æййафунцæ.

– Сæхе хæдзари ци царди уавæртæ ес, мæнмæ дæр цæрунцæ уæхæн цардæй, – зæгъуй Закати Иринæ. – Хуæруйнаггъæуагæ, дзаумаугъæуагæ нæ ‘нцæ. Бонæ хуæрунцæ æртæ хатти. Ес син медицинон агъаз дæр. Ес син абана, хуæрæндонæ, дзаумæуттæхуйæн цех, хедасæн, кæсæндонæ, аллихузон къæбинеттæ.

Цæмæй сæ зæрдитæмæ игъосунбæл ма фæууонцæ, сæхе адæмæй ниллæгдæр ма ‘нкъаронцæ, уой туххæй син гъæстизæртæ, бæрæгбони фингитæ, æ игурæн бон си кæмæн фæууй, уомæн æй банисан кæнæн, нæ къох куд фæййамонуй, уотæ.

Агъаз дæр нин фæккæнунцæ, фал уæддæр еугурæйдæр нæ куститæ кæнæн нæхуæдтæ.

Нæхецæй уæлдай ма æнæуой хæдзæртти агъаз кæнæн 960 адæймагемæн. Нæ зæрæндтæй ка рамæлуй, уони нæхуæдæг банигæнæн. Кирæй, æмбæрзæнæй, æндæрæй фæууннцæ нæхе харзæй. Мæрдадзи куд фæббадунцæ, уотæ æ рази нæхуæдтæ фæббадæн, æ сикъити хайбæл æй исæмбæлун кæнуни размæ.

Зæрæндти Хæдзарæ. Æ ниййерæги ардæмæ ка бакодта, е æхсæвæ æ хуссæни куд нæ гъæуама бауа адгин фунæй, куд нæ гъæуама фестъæлфа, се ‘сгъомбæлгæнæг мæ фарсмæ ку нæ ‘й, уотемæй мæ авдæнгъæдæбæл цирагъи ку тадæй, зæгъгæ.

Мадæ æ хъæболи ку ралгъетуй, уæддæр ин арфи бæсти цæуй, хъæболи къахи синдзæ ку фæннæхсуй, уæд мади зæрдæбæл æмбæлуй. Фал еугæр райсун уарзис, уæд раттун дæр зонæ, уомæн æма дин е ихæс æй. Фал уой ке нæ фæллæдæрæн, кенæ ба сæ лæдæрун фæндгæ дæр нæ фæккæнуй, сæ ниййергути еунæгæй ка ниууадзуй æма кæмидæрти сæхе зæрдидзæбæхæн ка фæццæруй, етæ. Æрæгиау, еци хъиамæтгун ниййергутæ сæ уæлзæнхон цардæй ку рафæндараст унцæ се ‘носон дуйнемæ, уæд, æхсæвæй-бонæй æрхæндæгæй ке фæззиндмæ æнгъæлмæ кастæнцæ, еци кæстæртæй ма, ка ‘й зонуй, кадæртæ фæсмон кæнун дæр байдайунцæ. Фал ма ке фæгъгъæуй сæ фæсмон… Еу уæхæн хабар æрæги бакастæн Цæгат Иристони адæмон финсæг Даурати Дамири киунуги «Ци фæууидтон, ци фегъустон, ци бавзурстон»-и.



БЕЖАНТИ Вадими конд хуззæ «Цхинвайлаг».

Ме ’мбал мæмæ æрбацудæй, æхцадан, мин æфстау радтæ. Æрæги Мæскуйæй исæздахтæй, еу – дæс анзей бæрцæ си фæцæй. Уæдмæ æ мадæ рамардæй, æ фидæ дæр. Фæббадтан, фæдздзубанди кодтан, æ царди хабæрттæ куд рауадæнцæ, уони фæдздзурдта. Адтæй фæлладхузæ æма мæтъæл.

Цума мæ рази æ тæрегъæдтæ уадзуй, уой хузæн даргъ монологи хузæн рауадæй æ дзубанди. Æз æй нецæбæл фарстон, нæ ’й бауорæдтон, æцæг ин фæстагмæ нифсæвæрæн дзурдтæ загътон:

– Уотæ зæронд нæма дæ, нур ма дæбæл, Хуцауи фæндæй, хуæздæр рæстæг дæр ралæудзæнæй…

Е мин мæ цæститæмæ берæ фæккастæй, цума ми æцæгæйдæр уæхæн дзурдтæ фегъосун æнгъæл адтæй, уой хузæн.

Æз еци æхсæвæ мæ хуссæни мæтъæл имисуйнæгтæ раздæр мæ блокноти ниффинсуйнаг адтæн, куддæриддæрæй сæ фегъустон, уотемæй, фал мæ сæри кæцæйдæр дуйæ поэтикон рæнгъи мæхецæн дæр æнæнгъæлæги ку рагæпп кодтонцæ, уæд æй æз дæр уотæ рауагътон. Мæнæ сæ ци рауадæй:

*– Кæддæр, æвæдза, цæй фыдуаг уыдтæн!*
*Мæ фыды ныхас ницæмæ дардтон,*
*Мæ сæртæг митæй мæ фæлмæн мады,*
*Мæ фæлмæн мады мæрдтæм батардтæн.*
*Ыстыр горæттыл æз бауæндыдтæн,*
*Уым хæлд чызджытæй мæ мондаг уагътон,*
*Æхсæвæй-бонæй сæндæтты бадтæн,*
*Æххуырст фæндыртæ мæ номыл цагътой.*
*Цæй риссаг вæййы æрæджиау фæсмон?!*
*Цытæ бакуыстон?*
*Мæ сæр кæм уыди?*
*Дысон дæр та мæм мæ ныййарæг мад,*
*Мæ ныййарæг мад мæ фынты ’рцыди.*
*Куы мын-иу дзырдта:*
*– Чындзаг нын равзар, –*
*Æмæ-иу цæссыг æртылд йæ рустыл, –*
*Æппын мацы уа, фæхъæстæ ма уон,*
*Фæхъæстæ ма уон йæ мыды къусæй…*
*Бæргæ раздæхтæн…*
*Фæллад, æгуыдзæг.*
*Кæддæры тентекк, кæддæры æрра.*
*Ничи мæм ракаст…*
*Нæ къæс ныдздзæллаг,*
*Нæ рудзгуыты бын æрзад пысыра.*
*Уæлмæрды кæрон мæ мад, мæ фыд дæр, –*
*Мæ сыхæгтæ сын цыртытæ сагътой.*
*Мæхæдæг та сын, сæ иунæг лæппу,*
*Рухсаг ут, зæгъгæ, нырмæ нæ загътон.*
*Нæ уаты къулыл сау бындз æрфынæй.*
*Мæ мад-иу мын сæ нæ уагъта марын.*
*Нæ йæ хъыгдарын,*
*Нæ йæ хъыгдарын…*
*Уый ма мын баззад ныхасæмбалæн…*

## ЦÆМÆЙ НÆ ИСОНИБОНИ МÆГУЙРАГ МА УÆН…

Абайти Эдуард æ уаци кæрон уотæ финсуй: «Фурт æ фидæн гъæуама цирдзæвæн уа æ арфиаг гъуддæгутæй æма рæстзæрдæдзийнадæй, кенæ ба, дан, фудвæд дæр кудтæй æма æвæд дæр, фал фудвæди бæсти æвæд хуæздæр æй, зæгъгæ, дзурдтонцæ Нарт.

Фæлтæртæ гъæуама кæрæдзебæл баст уонцæ, мæнæ фæрдгутæ халæбæл конд куд фæуунцæ, уотæ. Еци халæ ку раскъунай, уæд разгъæлдзæнæнцæ. Фæлтæр ба фæлтæрæй ихæс даруй.

Сумах ба куд гъуди кæнетæ, газеткæсгутæ, аци фарстай туххæй?..»

Нæ зонун, газеткæсгутæй ка ци дзуапп ратдзæнæй аци фарстайæн, фал мæнмæ ба уотæ кæсуй, æма алли адæймаг дæр æхуæдæг æхе ихæсгин кæна æ хестæртæбæл æновуд унæй æма син рæстудæй лæггадæ кæнунæй, æма е уодзæнæй æ растæй-растдæр дзуапп.

Кæронбæттæни ба ма уой зæгъуйнаг дæн, æма мин ма бауайдзæф кæнетæ, бæрæгбони фæдбæл зæрдигъæлдзæг дзубандити бæсти æрхæндæг хабæрттæ ке ракодтон, уой туххæй. Фал цард цард æй, æма си гъигæзæрдæ фæззиндтитæ ку раргом уа, уæд дæхе нæуинæг искæнæ, уомæй нæхецæн зæран хæссæн. Уомæ гæсгæ ба сæбæл æргомæй дзорун, сæ нихмæ карзæй архайун æма си хе ервæзун кæнун гъæуй. Нерæнгæ ма ни æ хъаури ка ‘й, е дæр зæруа кæндзæнæй æма абони нæ кæстæрти хестæрти нимайун æма сæбæл аудуни æгъдаубæл ку нæ исахур кæнæн, уæд нæ исонибони мæгуйраг нæ уодзинан?.. Расагъæс кæнетæ…

*Æрмæг бацæттæ кодта*
*САКЪИТИ Эльбрус.*

***Номдзуд уруссаг финсæг Максим ГОРЬКИЙ (1868-1936) уотæ фæдзахста: «Табу кæнæн нийййерæг мадæн. Уой уарзондзийнадæн нæййес арæнтæ, уой æхсирæй исгъомбæл æй еугур дуйне. Адæймагмæ хуарзæй ци ес, уони еугурæйдæр райста хори тунтæй æма мади æхсирæй, уой рæуаги нин уотæ адгин æй цард...»***


Текъойти Губатæ (Хосироти Бæзай кизгæ) æ кизгæ Анфиси хæццæ.


Анфисæ æ фурт Витали æма уой цардæмбал Луизи хæццæ.

# РÆСТУОДÆЙ ЦАРДÆЙ АДÆМИ ФАРНÆН

***ХОЗИТИ Барис***

Иристони зæнхæбæл еу æма дууæ адæймаги нæ цардæй æма нæ куста, сæ ном, сæ хуарз гъуддæгутæй, сæ удти парахат рохсæй сæ рæстæги нæ, фал ма сауæнгæ сæ рамæлæти фæсте дæр адæми зæрдити федар бунат ка нийййахæста, абони дæр ма æхцæуæнæй ке æримисунцæ, уæхæнттæ. Текъойти Генай кизгæ Анфиси цардвæндагбæл ку расагъæс кæнун, уæд мæмæ цæмæдæр гæсгæ уотæ фæккæсуй, цума аци силгоймаг æхе удæн цæрунмæ нæ райгурдæй, фал дзилли фарнæн содзунмæ. Царди рæхисти уæззау уæзæ æхе усхъитæбæл ка нæ бавзара, е еске зин дæр нæ балæдæрдзæнæй. Анфисæ ба хъæбæр минкъийæй байзадæй седзæрæй æма раги балæдæрдтæй цардæн аргъ кæнун, адæми нимайун.

Текъойти Анфисæ 1931 анзи дуйней рохс ку фæуууидта, уæд ин номæвæрæн кувдтитæ неке кодта, мадта муггаги хестæртæмæ дæр хуæрзæнгорæггаг неке уадæй. Гъома, мæнæ нæ кæстæртæй еу фулдæр фæцан, зæгъгæ. Уæдта ном лæггæнæг нæй, адæймаг æхуæдæг æхецæн гъæуама исном кæна, – еци гъуди дæр раги ниффедар æй æригон кизги зæрди буни. Æ фидæ Гена, куд берæ иннæ иристойнæгтæ, уотæ е дæр 1913 анзи кустагор рандæ ‘й Америки Еугонд Штаттæмæ æма си цалдæр анзи бакуста. Мулк не ‘скодта, фал уæддæр уоми берæ цидæр нæуæгдзийнæдтæ фæууидта æма ку ‘рбаздахтæй, уæд сæ адæмæн Задæлески Нихæси ку дзурдта, уæд ибæл адæм ходæгæй мардæнцæ: «Гена Америки фæгъгъæла ‘й, зæгъгæ». Фал фæстæдæр хуæдтолгитæ æма аэропланттæ нæхемæ дæр ку фæззиндтæнцæ, уæдта Генабæл нæ, фал сæхебæл ходун райдæдтонцæ. Ка ‘й зонуй, ном – Анфисæ дæр идард бæсти угæй фегъустайдæ фидæ, æма кизгæбæл æхуæдæг исæвардта еци æнæзонгæ ном.

Фидæ 1935 анзи æнæнгъæлæги æрбасæйгæ ‘й æма цалдæр боней фæсте е ‘носон дуйнемæ рандæ ‘й... Хæдзари æхсæз æнагъон сабийи седзæрæй райзадæнцæ сæ мадæ Текъойти-Хосироти Губати евгед. Абони дæр ма Задæлески имисунцæ Губати рохс ном. Æхе биййонтæ марамæлай къæбæрæй хæсгæй, сæ хæдзарæ иуазæгæй цох некæд адтæй. Некæд некæмæн бавгъау кодта æ кæрдзин æма цæнхæ, адтæй рæдау æма бæркадкъох. Æнæмæнгæ, адæймаги хуæздæр менеугутæ Анфисæ дæр æ мадæ Губатæй райста. Ахурмæ зæрдæргъæвд кизгæ изæригæнтти æ мадæн лигъстæ кæнун байдайидæ, гъома, цирагъ мин еуминкъий бауадзæ, мæ уроктæ кæронмæ исахур кæнон, зæгъгæ. Уотемæй æй фæндзæймаг къласæй æвдæймаг къласмæ баййивтонцæ æ хуарз ахури фæрци. Задæлески айдагъдæр авд къласи ке адтæй, уомæ гæсгæ гъæуи ахурдзаутæ сæ ахур раидарддæр кодтонцæ Мæхчески астæуккаг скъолай. Нуртæккæ беретæй æругæгс дæр нæ бауодзæнæй, зуймон салд дзабурти Задæлескæй Мæхческæмæ сæ хестæртæ скъоламæ ке цудæнцæ, е. Мадта бустæги æфсес дæр кæми адтайуонцæ сæ губунтæ. Еци доги æмпъузт æма дæрдгун уæледарæсбæл ходгæ неке кодта. Сæ еугурдæр æмхузон мæгур цард кодтонцæ, уæдта æ фонс ка рауæйæ кæнидæ æма æхца кæмæ фæззиннидæ, е дæр кæми ци балхæдтайдæ? Тукæнтти дæр хъумац балхæнунмæ кæми адтæй. Гъе уотемæй рагъомбæл, ракизгæ ‘й Анфисæ дæр.

Хъæбæр æй фæндадтæй актрисæ исун, ами нæхемæ ци театралон къуар цæттæ кодтонцæ Мæскумæ рарветунмæ, уони хæццæ æнтæстгинæй исæнхæст кодта исфæлдистадон конкурси домæнтæ, байзадæнцæ ма ин фæлварæнтæ. Уони дæр æнæкъулумпийæй ке ратдзæнæй, уобæл æгириддæр дузæрдуг нæ кодта æригон кизгæ, æма еци игъæлдзæгæй æ цийни хабæртти хæццæ Задæлескæмæ нихъхъæрдтæй. Хæдзари æ хабæрттæ ку ракодта, уæд æнæгъæнæ синхи уоститæ Губатæмæ карз ниллæуудтæнцæ, дæ кизгæ фесæфдзæнæй, зæгъгæ, ма ‘й рауадзæ! Уойййадæбæл Анфиси аййевадон надбæл стъæлфæ æвæрд æрцудæй. Ци гæнæн ма адтæй кизгæн, мади карз загъдбæл дууæ зæгъæн нæййес. Æма ахур кæнунмæ бацудæй нæхе педагогон институти химион-биологон факультетмæ, фал ин си еунæг анзæй æндæр ахур кæнун нæ бантæстæй. Æ кæстæр æнсувæр рæугути незæй фæссæйгæ ‘й æма уомæ кæсун гъудæй. Уотемæй бабæй Анфисæ ами дæр æ ахур ниуугъта æма гъæумæ æрæздахтæй.

Æнæгъæнæ анз фæббадтæй е ‘нсувæри рази æма куддæр лæхъуæн æхебæл фæххуæстæй, уотæ ба Анфисæ æ ахур раидарддæр кодта, фал аци хатт ба Назрани техникуми фонси дохтирбæл. Е адтæй 1956 анзи. Назрани базонгæ ‘й Колити Олеги хæццæ, е дæр ахур кодта инженербæл æма минкъий фæстæдæр сæ цард байеу кодтонцæ. Райгурдæй син кизгæ æма бицъеу. Райдайæни бæргæ амондгун цард кодтонцæ дууæ æригон уоди, фал дууæ


Анфисæ æ косæн бунати.

анзей фæсте, æвæдзи, сæ дзубанди кæрæдзебæл нæбал исбадтæй æма рахецæн æнцæ. Анфисæ фæстæмæ æ цæгатмæ ку ‘здахтæй æ дууæ сувæллоней хæццæ, уæд æй хуарз лæдæрдтæй, федæнмæ æ рази ци берæ æвзарæнтæбæл æмбæлдзæнæй, уой, фал уæддæр цийфæнди зинæй дæр исфæндæ кодта æ ахур кæронмæ рахъæртун кæнун.

Техникум каст фæууни фæсте, косун райдæдта Дигорай Цæголи-фурти номбæл совхози хутæдарæн ферми фонси дохтирæй. Цийфæнди хуарз сæмæ кæд кастæнцæ æ цæгати, уæддæр мади зæрдæ лæдæрдтæй, еске фæсдуæртти сувæллæнттæ гъомбæл кæнун зин ке ‘й, уой. Æма 1964 анзи, æ цæгат Æхсæрисæрмæ ку раййивтонцæ сæ цæрæнбунат, уæд е дæр балхæдта æ цæгатæй еу гъæунгæ уæлдæр æрдæгарæзт хæдзарæгонд. Нæдæр ибæл пъолтæ адтæй, нæдæр си пец, уотемæйти си цардæнцæ мадæ æма дууæ сабийи. Цийфæнди ку уа, уæддæр си хе къæсæрæн аргъ нæййес. Нур æ сувæллæнттæ интернати нæбал рахауæ-бахауæ кæндзæнæнцæ, æхе цæстдарди буни уодзæнæнцæ, уотемæйти Дигорай æ куст ниуугъта æма Æхсæрисæри косун райдæдта колхози рæнгъон косæгæй.

Нартихуар, кенæ сæкæри къумбул æхсæдунти иннетæ еу гектар кæми æхсастонцæ, уоми Анфисæ ба æхсаста æртæ гектари, кæд мæ сувæллæнттæ стонг æма бæгънæг нæ уиуонцæ, зæгъгæ. Фал колхози дæр цæйбæрцæ гъæуама фистайуонцæ мизд – къапеккитæ. Уотемæйти гъомбæл кодта æ цæуæт Анфисæ, ефстагмæ нæуæг дзаумæутти, ахиддæр ба адæми бузурти. Фал æ къохтæ ка æруадзуй, еци адæмæй нæ адтæй Анфисæ. Чиколай Ленини номбæл колхози разамунд исфæндæ кодтонцæ гъæуæй Æхсæрисæри ‘хсæн хутæдарæн фермæ исаразун, цæмæй син агъаз кæна фидæй пълан æнхæст кæнунæн. Исæвардтонцæ си кедæр сæргълæууæгæй, æртæ анзи рацудæй, æфтуйæггæгтæ ба нæййес. Уæд ферми хецауæй исæвардтонцæ Анфиси æма анзи фæсте фермæ равардта, æнгъæлмæ кæмæ кастæнцæ, уомæй дууæ хатти фулдæр пайда. Иристони, æвæдзи, уæхæн колхоз æма совхоз нæбал байзадæй, Анфиси фæлтæрддзийнадæ фæуууинунмæ кæцæй нæ цудæнцæ.

Текъойти Анфиси æ хуарз кусти туххæй исæвзурстонцæ 1972 анзи СЦКП-й Цæгат Иристони обкоми иуонгæй. Еу иннæй фæдбæл исахид æнцæ майдантæ, Кади гæгъæдитæ. Анфисæ алкæддæр адтæй коммунист – зæрди фæндонæй. Партий Ирæфи райкоми размæ фарста ку ислæудтæй, Æхсæрисæри гъæусовети сæрдарæй ке исписан кæнæн, уæд, цума дзубандигонд адтæнцæ, уотæ сæ еугурдæр радзурдтонцæ Текъойти Анфиси кандидатури фарс. Е адтæй 1973 анзи.

Еци бæрнон кусти цард еу æма дууæ хатти нæ рауурста Анфиси æ æгъатир цæлхити буни, æ зæрдæ раги исахур æй зиндзийнæдтæбæл, тæргæ некæд нецæмæй фæккодта. Фал аци хатт цидæр æнахур тас бацудæй æ уоди. Æма куд нæ? Еу гъуддаг æй фонси хæццæ косун, æндæр гъуддаг ба адæм æнцæ. Цал адæймаги цæруй гъæубæсти, уал угæвæрди син ес. Цæргæ ба еци æнзти Æхсæрисæри кодта 86 хæдзари, 500 адæймагемæй фулдæр, уæдта ма Кæлухи гъæуи дæр 15 хæдзари. Кæлух дæр Æхсæрисæри гъæусоветмæ хаудтæй. Тæккæ фицдаг Анфисæ байевдалдæй æма æрæмбурд кодта Æхсæрисæри хестæр нæлгоймæгти æма син балæдæрун кодта: «Æз силгоймаг дæн, æнæ сумах агъазæй мæн бон нæдæр косун, нæдæр ба ести исаразун бауодзæнæй æма уи корæг дæн, цæмæй мæ фарсмæ уайтæ».

Гъæуи ци лухкæнуйнаг фарстатæ адтæй, уони исæнхæст кæнуни туххæй си алкæмæн дæр арæзт æрцудæй, куститæмæ æ цæстæ ка дардтайдæ, уæхæн сæрмагонд къамистæ. Уоми ба адтæнцæ гъæуи тæккæ дзурддзæугæдæр æма нимаддæр

**Профессион-техникон ахуради Еугуруæрæсеуон бон бæрæггонд цæудзæнæй сабати, 2 октябри. Зæрдиагæй арфæ кæнæн аци къабази еугур косгутæн дæр.**

нæлгоймæгтæ æма силгоймæгтæ. Æма куст цудæй размæ, еумæйаг хъауритæй, æмунаффæй, æмзундæй.

Анфисæ зæрдæй ристæй алли гъуддагбæл дæр, сугъдæй æхуæдæг, уæдта разæнгард кодта иннети дæр. Хаттæйхатт æ зæрдæй уотæ батухсидæ æма уой бунати беретæ сæ хуссæнæй истгæ дæр не ‘скодтайуонцæ, фал аци силгоймаг, æ гъуддаг æрдæгбæл ка ниуундза, уонæй нæ адтæй. Цирагъау фæссугъдæй, ци адæми æууæнки бацудæй, уонæн.

Гъæу еци рæстæг адтæй хъæбæр æдзæллаг уавæри. Цæхгæрмæ гъæунгти фулдæр хатт хуæдтолгæн рацæуæн дæр нæ адтæй цъифæй. Æнæуой дæр гъæу цъифдзаст рауæн æвæрд æй. Цалдæр хатти Анфисæ фарста æрæвардта партий райкоми размæ, фал бабæй гъуддаг зæрдæвæрæн дзубандитæй рахецæн уидæ. Еууæхæни ба районмæ æмбурдмæ æрцудæй СЦКП-й Цæгат Иристони обкоми уæди фиццаг секретарь Хъæбæлоти Билар. Æмбурди адтæнцæ райони гъæусоветти еугур сæрдартæ дæр. Сæйраг радзубандий фæсте дзурди барæ ракурдта Секери гъæусовети сæрдар æма загъта: «Ауал анзи косун сæрдарæй æма мæ гъæукæгтæ дон фæккурдтонцæ æма дон-донгæнтæ рамардæнцæ. Нæййес гъæуи фагæ дон». Уой фæсте æмбурди дзурди барæ ракурдта Анфисæ æма загъта: «Цæрæнбонти некæд некæмæ бахицæ кодтон, фал абони ба хицæй мæлун Секери гъæусовети сæрдармæ. Уомæн бæргæ рамардæнцæ, дон-дон ка кодта, етæ, фал ма мæнæн ба æгас æнцæ æма сæ дон гъæуй, Æхсæрисæри ба гъæунгти фулдæр кърæнттæ косгæ дæр нæ кæнунцæ».

Хъæбæлой-фурт лæмбунæг байгъуста Анфиси радзубандимæ, уæдта æхе разилдта райкоми фиццаг секретарь Хайманти Германмæ æма ‘й бафарста, фæстаг анз, дан, æхца радех кодтонцæ Æхсæрисæри ирæзтæн, зæгъгæ. Куд рабæрæг æй, уотемæй фæстаг анз нæ, фал фæстаг авд анзи еунæг сом дæр нæ. Хъæбæлой-фурти бардзурдмæ гæсгæ Æхсæрисæрæн радех кодтонцæ фæрæзнитæ æма гъæуи гъæунгтæ сæ хузæ раййивтонцæ, мадта дони хæтæлтæ дæр нæугутæй æййивд æрцудæнцæ æма алли хæдзарæн дæр фадуат фæцæй ниуазуни дон сæ тургъитæмæ бауадзунæн. Уой размæ ба дон хастонцæ гъæунгæй.

Ралæудтæй 1975 анз. Устур Фидибæстон тугъди æ цард нивондæн ка ‘рхаста нæ рохс федæни сæрбæлтау, уонæн сæ ном иссерунæн гъæубæсти исæвæрун гъудæй Уæлахези 30 анзей бонмæ циртдзæвæн. Еци рæстæг ма гъæуи ветерантæй беретæ адтæнцæ цардæгас. Гъо, цæйбæрцæ арфитæ исæмбалдæй Анфисæбæл, е зин зæгъæн æй. Еугæрдæр циртдзæвæн æвæрд æрцудæй гъæуи зингхуст тугъдонтæн, уæд æ фалæнбулæй гъудæй парк исаразун æма си бæлæстæ ниййаразун дæр. Анфисæн адтæй хуарз зонгæ лæг сæхе муггагæй Текъойтæй. Æрмæст е цардæй Ассий, куста колхози сæрдарæй æссон гъæутæй еуеми. Анфисæ нæ базийнадæ кодта æма гъæусовети хуæдтолгæбæл æ шофер Езети Æхсари хæццæ уомæ бамедæг æй, æрбаласта цалдæр хузи бæлæстæ, аразгæ дæр сæ æ косгути хæццæ сæхуæдтæ кодтонцæ, фал си еуетæ нихуæстæнцæ, иннетæ ба – нæ. Æма бабæй нæуæгæй иссудæй Текъойти Мухарбегмæ, сахари сæрмæ дендрарий хецауæй куста æма уомæй талатæ æрласта. Абони дæр ма адæймаги цæстæ рæвдаунцæ, Анфиси къохæй сагъд бæлæстæй ма ка байзадæй, етæ. Фæстæдæр ба ма имæ, æ фæсте ка куста, етæ бауагътонцæ «Æносон арт» æма еци парк æй гъæуи тæккæ федауцæдæр бунат. Мадта гъæуи хестæр кари нæлгоймæгтæй ци зартæнгæнгути къуар исаразта, уой тухæй ба ма сауæнгæ Центрон газет «Сельская жизнь»-и дæр финстонцæ.



Анфисæ æ мадæ Губати, æ кæстæртæ Витали æма Зæири, уæдта е ‘нсувæри фурт Романи (бадуй рахесæрдигæй Губати гъæбеси) хæццæ.

Гъæууон клуби ахид æвæрд цудæнцæ ирон пьеситæ æма си Анфисæ æхуæдæг ма архайа, уомæн гæнæн нæ адтæй. Гъазгæ ба æ роли уæхæн æцæг хузи кодта, æма ибæл, зали ка уидæ, етæ десæй мардæнцæ. Æвæдзи, кæддæр актрисæ исунмæ ку гъавта, еци зинги идард стъæлфæнтæ агайдтонцæ силгоймаги зæрдæ.

Гъæууон клуби сценæбæл-еу ести пьесæ æвæрд ку æрцæуидæ, уæд цæргутæ æд цъелæ, æд мелæ æрбацæуиуонцæ уордæмæ. Адæмæй си къохбагæнæн дæр нæ уидæ. Рольти гъазтонцæ косгутæ æма цæргутæ сæхуæдтæ: Бетанти Фрося, Мæрзойти Фатимæ, Тауитти Таймураз æма ма сауæнгæ скъоладзаутæ дæр сæ ахургæнгути хæццæ. Адтæй уæхæн хабар дæр. Сценæбæл гъæуама адтайдæ горенгонд æма уомæн ракурдтонцæ Томайти Васки кауин лолæ. Цалинмæ спектакль цудæй, уæдмæ кауи хецау ба дзæхæрай дуармæ гæсæй фæллæудтæй, оххай, фонс имæ ку бацæуа, зæгъгæ.

Анфиси архайд комкоммæ æмбаст адтæй колхози æма скъолай коллективи хæццæ. Еу адтæнцæ сæ нисан, сæ архайд. Мæнæ ескæмæй зæгъæ, Æхсæрисæри цæргути ‘хсæн аци адæймаг цæрæгæн нæ бæзтæй, зæгъгæ, уæхæн си зин иссерæн адтæй. Зудтонцæ сæ уавæр æма æмхузонæй архайдтонцæ, зæрдæй ристæнцæ Анфисæн æхе хузæн гъæуи аййевдзийнадæ никки рæсугъддæр искæнунбæл.

Адтæй уæхæн хабар дæр. Æхсæрисæри гъæунгти дзæвгарæ рæстæг нæ сугъдæнцæ электрон цирæгътæ. Зæрæндти гъудæй нæугутæй байвун. Адтæй сæмæ еугур гъæугæ фæрæзнитæ дæр, фал райони электрон хизæги косгути хецауи æгириддæр Æхсæрисæрмæ нæ евдалдæй. Уæд Анфисæ фæдздзурдта Социалистон Фæллойни Бæгъатæр Боллоти Полиймæ (æ комкоммæ цардæй) æма ин бафæдзахста: «Æз кустмæ фæццæун, фал ду райони электрон хизæги хецаумæ мæнæ нæхе телефонæй бадзорун кæнæ æма ин æцæг хузæй зæгъдзæнæ, нæ гъæусовети сæрдар Текъойти Анфисæ фæззиан æй, гъæунгти ба еунæг цирагъ дæр нæ содзуй æма махæн ци кæнгæ ‘й? Анфисæ куд бафæдзахста, Полий уотæ бакодта.

Дууæ сахатти рацудæй, уотемæй дин Анфиси хæдзари дуармæ электрон хизæги дууæ хуæдтолги фæллæудтæнцæ æма сæ хецау, æ къохи устур сурх къохмæрзæн, иннетæ æ фæсте, уотемæй тæфирфæс кæнунмæ бараст æнцæ. Тургъи ку неке разиндтæй, уæд Полиймæ баурдуг æнцæ, уæд мард кæми æй, зæгъгæ.

– Нæ мæрдтæ, уæлмæрдти, æгæсти ба рохс гъæуй æма мæ уодæгасæй ду абони Чиколамæ нæбал рандæ уодзæнæ, цалинмæ нæ гъæунги цирæгътæ исаразай, уæдмæ.

– Гъома мин уæддæр уæ гъæуихецауи фæууинун кæнайтæ, æцæгæйдæр мард æй, æви æгас, – ниллæудтæй бабæй электронхизæгти хецау.

– Изæри ‘й цирагъи рохсмæ фæууиндзæнæ, хийнæйдзаг худт бакодта Анфиси синхаг усæ Мæрзойти Раханат. Цубур дзурдæй, изæрмæ гъæуи гъæунгти рохс тæмæнтæ калдта.

Анфисæ æ цæрæнбунат Заводи поселокмæ æййевунбæндæ ку искодта, еци хабар гъæубæстæ ку базудтонцæ, уæд хъæбæр бахъонц кодтонцæ, нæ сæ фæндадтæй, цæмæй се ‘хсæнæй рацудайдæ, е. Гъо, хатгай кедæрти хæццæ хилæ дæр раудæ, кæмæдæр зустæй дæр исдзоридæ, фал мæнæ ескæмæ фудзæрдæ бадара, зæгъгæ, еци рахастæн ба си бунат некæд адтæй.

Уæлдай æновуддæр ба ибæл адтæнцæ кæстæр фæлтæр. Еухатт имæ цалдæремæй сæ гъаст бахастонцæ, фæсгъæу нæ футболæй, кенæ волейболæй гъазун нæ уадзуй еу лæг, – мæ фустæ, дан, мин тæрсун кæнетæ, зæгъгæ. Еци хестæрмæ Анфисæ фæдздзурдта æма ин аййевæй балæдæрун кодта, фустæй сабийтæ хестæр ке ‘нцæ æма сæ некæдбал батардта еци фæзуатмæ.

Бийнонти ‘хсæн кунæг хилтæ нæ рауайидæ æма уæддæр сæ гъаст хастонцæ Анфисæмæ силгоймæгтæ. Еунæг лæг дæр имæ фæстæмæ æхе некæд рахадта. Болоти Полий æма Гобати Аминæт гириз дæр кодтонцæ: «Анфисæ, зæгъгæ, æхе лæги хæццæ цæрун нæ бафæразта, адæми лæгтæн ба зундамонæг æй».

Уой фæсте гъæумæ ку ниццæуидæ



Устур Фидибæстон тугъди рæстæг æхсæрисæркæгтæй æ Райгуæрæн бæсти сæрбæлтау ка фæммард æй, уонæн Анфиси хъæппæресæй æвæрд æрцудæй номерæн циртдзæвæн.

Анфисæ, уæд ибæл адæм уотæ æхсицгонæй исæмбæлиуонцæ æд хестæр, æд кæстæр æма дессаг, уомæн æма зудта алке зæрдæмæ дæр дæгъæл иссерун. Анфисæ уæлдай кадгиндæр адтæй æ цæгат Текъойти муггаги ‘хсæн дæр, уæлдай уарзт, уæлдай аргъ ин кодтонцæ. Цалинмæ ма æ бон æ къæхтæбæл лæуунгъон адтæй, уæдмæ син æгъдау лæвардта æхуæдæг дæр.

Анфисæ æ гъæубæстæ уойбæрцæ уарзта æма адзали сæйгæ ку фæцæй, уæд фæдздзурдта æ фурт Виталимæ æма ин фæдзæхсгæ дæр уотæ бакодта: «Мæ фуркъа (уотæ ‘й хонидæ боцдæрæн), æносмæ нæ цæрдзæнæн, æма ести ку кæнон, уæд мæ мæ уарзон гъæуи уæлмæрдти байвæрдзæнæ, Æхсæрисæрмæ мæ фæлласдзæнæ».

– Дæ бон, дæ хъаурæ ци адтæй, уой син æнæвгъауæй фæллæвардтай, дæхебæл некæд байаурстай æма син дæ хъиамæттæ, дæ хуæрзтæ хæлар уæнтæ. Дæхе бийнонтæмæ дæ евдæлгæ дæр некæд кодта, æма ма мæрдти дæр хецæн рауæнти гъæуама уæн? Неци зæрдæ дин æвæрун, уомæй.

Анфисæ ку рамардæй, уæд æ фурт, фиццагидæр, æ мади фарсмæ бунат ниуадзун кодта æхецæн.

Адæм адæймагæн ци кадæ æма аргъ фæккæнунцæ, е æ зиани бони рабæрæг уй. Хъæбæр æнæуагæ берæ адæмтæ æрцудæй Анфиси зианмæ, зæрдæй ин рохсаг загътонцæ. Е ба дзорæг æй, Текъойти Анфисæ æ цард хуæрздзæгъæли ке нæ рарвиста, фал æй адæмæн ке иснивонд кодта, уобæл…

Уæхæн æнкъарæнтæ, æууæлтæ æма менеугути фæрци Анфисæ исгъомбæл кодта хуæрзæгъдаугин кæстæртæ – Витали æма Зæири. Колити Витали æй игъустгонд финсæг æнæгъæнæ Иристони медæгæ дæр. Е ‘сæвзурдæй фæстæмæ косуй журнал «Ирæф»-и редакций. Нуртæккæ æй сæйраг редактори хуæдæййивæг. Нифинста къуар поэтикон æма прозаикон киунуги. Исгъомбæл кодта фондз кизги: Людæ, Альбинæ, Зæирæ, Зæлинæ æма Рохсани. Нури уæнгæ ‘й æхсæз хатти баба: Аслæнбег, Камиллæ, Хетæг, Арвид, Геуæрги æма Миленæ. Фæстегæй си нæ райзадæй æ хуæрæ Зæирæ дæр. Хуриати муггагæн исгъомбæл кодта цуппар биццеуи (Олег, Рамазан, Геуæрги, Давид) æма еу кизгæ (Регинæ). Анфисæн æ хъæболти хъæболти хъæболтæ дæр еу уони бæрцæ æнцæ.

Мæ дзубандий кæрони мæ æрхæссун фæндуй, Витали æ мадæбæл ци номерæнтæ ниффинста, уонæй еу:

**НИЙЙЕРÆГМÆ**

*Æнæкæрон æрхуйнадæ*
*Зæрди фарсбæл ниццæг æй.*
*Аизæр бабæй, мæ Мадæ,*
*Имисун дæу, нæуæгæй.*

*Дæ хъиамæттæ, дæ зинбæнттæ*
*Ке нæ бадæн хатунгъон,*
*Æлвасуй мæ еци бæттæн,*
*Æхсинуй мæ рист фæсмон.*

*Æносмæ ми раидард дæ,*
*Мæ зæрдтаг æма мæ нифс…*
*Æтт, ци берæ мин фæццардтæ, –*
*Ци æдзардæй ба цæуис…*

* * *

**Редакцийæй.** ТЕКЪОЙТИ Анфиси тухæй æрмæг айразмæ мухургонд æрцудæй газет «Рæстдзинад»-и. Æма ни нæ газеткæсгутæй кадæртæ ракурдтонцæ, цæмæй мухургонд æрцæуа мах газети дæр – уадзæ æма аци хъиамæтгун силгоймаги нæ Дигори дзиллæй æй арфиагæй ка зудта, етæ ‘й еума хатт æримисонцæ, ка ‘й нæ зудта, етæ ба ин бæлвурддæрæй базононцæ æ цардвæндаги хабæрттæ. Æма син сæ курдиадæ исæнхæст кодтан.

**Дессаги зæрдтагон бæрæгбон бæрæггонд цæудзæнæй 4 октябри – цæрæгойти Еугурдуйнеуон бон. Уой исбæрæг кæнунæй ни алкедæр ихæсгин æй. Арази айтæ?**

***Цæгат Иристони ТÆБÆХСÆУТИ Балой номбæл паддзахадон академион театр æ нæуæг, 83-аг сезон байгон кодта Уильям Шекспири пьесæ «Ричард III»-мæ гæсгæ æвæрд спектаклæй. Архайунцæ си нæ зундгонддæр артисттæ. Ирон театри сценæбæл ма аци сезони æвдист æрцæудзæнæй цалдæр нæуæг спектакли.***



***Намус, фарнæ æма лæгигъæдæ… Аци æртæ хуарзæнхемæн æ зæрди арфи тæккæ федауцæдæр бунат кæмæн адтæй, æ зунди æма исфæлдистадон искурдиади фæрци си дзилли дæр рæдауæй ка хайгин кодта, еци разагъди актертæй еу адтæй Республикæ Цæгат Иристон-Аланий адæмон артист ДЗТИАТИ Тепсарихъой фурт Лактемур. Ездондзийнадæй, ирон æгъдау раттунæй некæмæй дæлдæр лæудтæй. Мадта æ исфæлдистадон искурдиадæ цæйбæрцæбæл агъазиау адтæй, е ба ирдæй-ирддæрæй рабæрæг уидæ, Тæбæхсæути Балой номбæл Ирон театри сценæбæл аллихузон спектаклти архайгæй, æма си дзилли зæрдитæ ахедгæй, фидтæлтиккон зар цæйбæрцæбæл æгæрон уарзтæй уарзта, уой ба æргом кодта Паддзахадон филармоний зартæгæнгути къуари... Берæ, æгæрон берæ гъуддæгути æвдиста арфиаг лæгдзийнæдтæ. Æма нæ дзиллæ дæр æгæрон уарзтæй нимадтонцæ, зæрдтагон син адтæй куд артист дæр æма уотид адæймаг дæр... Уомæ гæсгæ ба нин хъæбæр зин æй, не ’хсæн нæбал æй, зæгъгæ, зæгъун. Уоййасæбæл зинæй æй имисæн абони дæр – 1 октябри ибæл гъæуама исæнхæст адтайдæ дæс æма æртинсæй анзи (1951-2019). Ци гæнæн ес, ци нæ бон æй карни æверхъаудзийнæдти нихмæ – айдагъдæр зæрдхъурмæй зæгъун: «Рохсаг уо... Нæ Исфæлдесæг дин рохс дзенети уодæнцойнæдæр бунат исаккаг кæнæд...»***



# ФÆЦЦАРДÆЙ ÆЦÆГ ИРОН ЛÆГÆЙ ЗÆНХÆБÆЛ...

***ГАСАНТИ Валерæ***

Дзтиати Лактемурæн аййевадон исфæлдистадæмæ тулавастдзийнадæ рабæрæг æй, сауæнгæ ма æ райгурæн гъæу Ставд-Дорти астæуккаг скъолай ку ахур кодта, раст гъе уæд. Уой туххæй Лактемури ахургæнæг, фæллойни ветеран Бæзити-Бекъурти Нинæ æ имисуйнæгти уотæ финсуй: «Уотæ раудæй, æма 1966 анзи ахургæнæгæй косун райдæдтон Горæтгæрон районы Курттати гъæуи астанзон скъолай. Лактемури æма æ бийнонти дæр еци рæстæг базудтон. Сæ фидæ раги рамардæй. Мадæ Нинæ æ цæуæти – еу биццеу æма æртæ кизги – исгъомбæл кодта, æхуæдæг рæстаг зундбæл, æгъдаубæл, æфсармæбæл куд хуæст адтæй, уотæ.

Лактемур скъолай адтæй хуæрзарæхст кафунмæ, зарунмæ, æмдзæвгитæ аййев кæсунмæ, далафæндурæй цæгъдунмæ, хузæ кæнунмæ. Е ‘гъдау æма хуарз ахурæй уæлдай бæрæг дардта е ‘мгæртти ‘хсæн. Архайдта скъолай драмон къуари дæр. Уоми скъоладзаути хæццæ ци сценкитæ æвардтон, уонæй еу адтæй Илас Æрнигони уадзимис «Уайсадæг чындз». Лактемур си гъазта зæронд лæги роли. Районы драмон къуæртти æркасти ин æ арæхстдзийнадæн искодтонцæ хуарз аргъ. Æз сæрустур дæн, Лактемур мæ ахургæнуйнаг ке адтæй, æ аййевадæй ирон адæмæн зæрдиаг лæггадæ ке кодта, уомæй…»

Скъола каст фæууни фæсте Лактемур ахур кæнунмæ бацудæй Цæгат Иристони паддзахадон университети филологон факультети ирон-уруссаг хайадæмæ. Ами æ ахур хуарз цудæй. Мадта имæ хузæ кæнунмæ, аййевадæмæ ци уарзт адтæй, е дæр уайтæккидæр рабæрæг æй. Æма ‘й ахургæнгутæ æма е ‘мбæлттæ уæлдай уарзт кодтонцæ. Цæйбæрцæдæр рæстæги фæсте филологон факультети æ ахур ниууагъта æма бацудæй Мæскуй Щукини номбæл театралон институтмæ. Аци номдзуд театралон аййевади курдадзи Лактемурæн æ ахургæнгутæ адтæнцæ æнæгъæнæ бæстæбæл игъустгонд зундгонд актертæ, æма етæ дæр ин æ искурдиадæ æнæрæстæфгæ нæ фæцæнцæ, сæ зонундзийнæдтæй æй рæдауæй хайгин кодтонцæ.

Лактемур 1980 анзи исæздахтæй Цæгат Иристонмæ. Æма уæдæй æ царди фæстаг бонтæмæ зæрдиагæй фæллæггадæ кодта нæ адæмæн. Бакасти куд хуæрзконд æма аййев адтæй, уотæ федауцæ адтæй е сценикон искурдиадæ дæр. Æмхузон хуарз арæхстæй комедий, драми, трагедий гъазунмæ.



ДЗТИАТИ Лактемур æма Векиль-Ахмед АХАДИ (кинонивæ «Голос матери», 2010 анз).

Еу æма дууæ хатти нæ рахизтæй Лактемур æ уарзон театри сценæмæ. Æма си ци фæлгонцтæ исаразта, етæ еугъæдон, еударон нæ адтæнцæ, алкæцидæр си рауайидæ ирд æ хецæнхузæй. Мадта ирон лæги фæлгонци ба уæлдай нæртон адтæй.

Исфæлдистадон æгъдауæй искурдиадæгин унæй уæлдай ма Лактемур уодикондæй дæр дессаги федауцæ адтæй, æцæг ирондзийнади менеугутæй федудта дзилли æхсæн. Уой туххæй Ирон театри актерти кæстæр фæлтæри минæвар, Республикæ Цæгат Иристон-Аланий æскъуæлхт артист Дзанайти Эльбрус уотæ зæгъуй:

– Лактемур адтæй, фиццагидæр, ирон лæг. Е ‘гъдауæй, æ дзурдæй, æ цæстингасæй цардмæ æма ма берæ æндæр менеугутæй е бæлвурд бæрæг адтæй. Æ алливарс ка адтæй, еци исфæлдистадон косгутæмæ дæр уæхæн цæстæй кастæй. Нæ бухстæй æма нæ хатир кодта фæливд миуæ, æ дзурд адтæй æргом æма бæлвурд. Фæууй уæхæн аййевадон косгутæ, сæ уодигъæдæй сценæбæл зæрдæмæдзæугæ фæуунцæ, царди ба адæми ‘хсæн æндæр хузи сæхе фæддарунцæ. Лактемур уæхæн нæ адтæй. Аййевади куд зæрдиагæй архайдта, уотæ царди дæр адтæй парахат æма рæсугъд зæрди хецау. Ескæмæн фæййагъаз кæнун ку гъудайдæ театри кенæ æнæуой, уæд Лактемур дæ фарсмæ ма æрбалæууа, кæми гъуддагæй, кæми фæлмæн цæстуарзон амундæй, уотæ некæд адтæй... Нур не ‘хсæн ке нæбал æй, е нин хъæбæр зин æй. Фал æ фæсте адæми зæрдити ци рохс ниууагъта, уомæй æ рохс ном уодзæнæй имисуйнаг кæддæриддæр...

Куд искурдиадæгин артист, уотæ Лактемур зингæ фæд ниууагъта Иристони æма нæ бæсти киноаййевади дæр. Рагъазта дæс кинонивемæй фулдæреми: «Пираты XX века», «Загадка кубачинского браслета», «Буйный Терек», «Мужское самолюбие», «Одиннадцать писем к Богу», «И оглянулся путник», «Крутизна», «Убойная сила-3», «Хрусталев, машину!», «Голос матери», «Август. Восьмого», «Волшебная папаха»…

Театр æма кино. Аййевади еци хузтæмæ ма бафтауæн гъæуй уой дæр, æма цæйбæрцæбæл æгæрон уарзтæй æновуд адтæй ирон зарбæл æма поэзибæл дæр. Лактемури реуи ци рæдау зæрдæ адтæй, е кæрæй-кæронмæ æмидзаг адтæй рæсугъд алливæрсуг искурдиæттæй. Мадта нæ национ зарæн ци аргъ кодта, е бæрæг адтæй, æ цардæмбал Республикæ Цæгат Иристон-Аланий æскъуæлхт артисткæ Зæнгиати Рити æма Цæгат Иристони паддзахадон филармоний зартæгæнгути къуари хæццæ ин ци берæ вокалон композицитæ финст æрцудæй, уонæй. Театралон аййевади æма ирон зари рохс Лактемур хаста бæрзонд. Æ аййев гъæлæси фæрци Иристони, Мæскуй, Петербурги, фæсарæнти аййевадæуарзгутæ банкъардтонцæ ирон фидтæлтиккон æма лирикон зарти рæсугъддзийнадæ.

Дуйне Исфæлдесæгæй Лактемурæн ци искурдиадæ лæвæрд адтæй, уомæй фæххайгин æнцæ æ дуæ кизги дæр. Хестæр – Фатимæ æй дæсни фæндурдзæгъдæг, берæ æнзти косуй Хуæнхон паддзахадон аграрон университети адæмон кафти ансамбль «Хохаг»-и концертмейстерæй. Кæстæр – Алинæ каст фæцæй Цæгат Иристони паддзахадон университети аййевæдти факультет. Куста Мæскуй Уæрæсей Федераций адæмон артист Владимир Винокури эстрадон пародий театри. Нур ба ’й Уæрæсей театралон академий студенткæ. Мадта Лактемури бийнойнаг Ритæ æ фæндури аййев зæлтæй Ирон театри сценæбæл цал æма цал спектакли æма аййевадон изæри исаййев кæнуй!.. Аййевæдти училищей исахур кæнуни фæсте куста сæ райгурæн гъæу Ставд-Дорти. Разамунд лæвардта фæсевæдон æма каргун адæм кæми зардтонцæ, уæхæн къуæрттæн. Адæмон исфæлдистади республикон конкурстæй беретæй Ритæ æма æ вокалисттæ Ставд-Дорти гъæумæ æриздæхиуонцæ уæлахезонтæй.

Зундгонд артист, зæрдхæлар адæймаг, æцæг ирон лæг Дзтиати Лактемур ма хайгин адтæй литературон искурдиадæй дæр. Финста æмдзæвгитæ. Уонæй хецæн циклтæ мухургонд æрцæуиуонцæ нæ республики мухури фæрæзнити дæр. Е ‘мдзæвгитæй нæ композитортæ зартæ кæбæл ниффинстонцæ, уонæй абони еу мухур кæнæн:

**ДЖЫБЫЛАТЫ ЗАУЫРБЕДЖЫ ЗАРÆГ**

*Æмгаруарзаг Джыбылаты Зауырбег,*
*Йæ куысты – арт, йæ фезмæлды – цæхæр,*
*Дзырдта æдзух йæ кæстæрæй Хасанбег,*
*Нæ сæрвæлтау æрхаста уый йæ сæр.*
*Беслæны сау мылазон азты цаутæ,*
*Хъыгагæн, Ирыл абон дæр тыхсынц,*
*Ныр уал азы нæма систой сæ саутæ*
*Æмæ та ног сæ кæстæртыл кæуынц…*
*Дæ уарзон дæр куы баззади куырдуаты,*
*Дæ сидзæргæс мад иунæгæй, мæ бон!*
*Дæ номыл чындз ныр нал лæудзæн дæ уаты,*
*Дæ фæлмæн уат дын бафснайдтой бæстон.*
*Хуыцау йæ зонæг, цас фервæзт бæллæхæй*
*Дæ фæрцы абон сау мæлæтæй, охх!*
*Зауырбег, абон уадзыс Ир дзæбæхæй,*
*Лæгсырдты ныхмæ уыд, бецау, дæ тох.*
*Бæргæ æрттивид уыцы стъалы абон*
*Дæ фæтæн риуыл, О, Хуыцау, бæргæ,*
*Фæлæ æнусмæ баззади сырх базыл,*
*Æппæт Ирыстон баззадис кæугæ.*
*Фæлæ йæ зон, хъæбатыртæ нæ мæлынц,*
*Сымахæн никуы, никуы ис мæлæт.*
*Æнустæм дæр нæ зæрдæтыл лæудзыстут,*
*Цæрæд уæ рухс ном, зарæджы нæрæд!*

18.11.2012.

Дигорæ

Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».

Сæйраг редактор: **САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел. 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **730**. Заказ **№2198**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 29.09.2021.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 29.09.2021.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**

**Использование материалов допускается только с разрешения редакции. При перепечатке ссылка на газету «Дигора» обязательна.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**

**Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**

**Ответственность за опубликованные материалы, рекламу и объявление несет автор.**